ЗэпIэзэрытщ, зыгъэгушхуэщ

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

«IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ»

4-нэ нап.

Тхум щыщу зы дыщэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№107 (24.857) • 2025 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 4, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

• Терроризмэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэм

Псоми ди къарур зэщIэдгъэуIуэмэ...

Дыгъуасэ, фокIадэм и 3-м, Налшык къалэм и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и гупэм деж щекIуэкIащ Терроризмэм пэщIэтыным и махуэм теухуа пэкIу.

ФЭЕПЛЪ махуэр ягъэувауэ щытащ 2005 гъэм «Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэхэм теухуауэ» федеральнэ законым ипкъ иткIэ. Ар теухуащ Беслъэн къалэм и курыт школ №1-м щIэпхъаджащIэхэр щытеуам, ди гъунэгъу республикэм къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэшхуэм. Абы щыгъуэм цIыху 334-рэ хэкIуэдащ, сабийр нэхъыбэу. Ахэр нобэ дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, терроризмэм пэщIэтыным и мыхьэнэр, апхуэдэ къэдгъэхъу зэрымыхъунур нэхъри зыхыдощIэ.

2025 гъэм ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-р догъэлъапIэ, Урысей Федерацэм и Президентым Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу игъэувауэ. Къыщынэмыщ Iауэ, мы гъэм илъэс 20 ирокъу IэщэкIэ зэщIэузэда гупхэр Налшык къалэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм зэрытеуэрэ. Фэеплъ махуэм ягу къыщагъэкIыжащ КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIу щыта ПщIыхьэщIэ Анас щIэпхъаджащIэхэм зэраукIрэ илъэс 15 зэрыхъуари.

ПэкIум хэтащ щIыналъэ унафэщIхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, республикэм щыпсэухэр, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ, лъэпкъ, дин зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр, IэщIагъэ зэхуэмыдэ зиIэхэр. Ахэр едэIуащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэм. ПэкIум и пэм цIыхухэр дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ терроризм щIэпхъаджагъэхэм хэкIуэдахэм.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** и телеграм-каналым мы Iуэхум теухуауэ щитхам къыщыхигъэщащ 2004 гъэм Беслъэн къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэм терроризмэр зищIысыр нэрылъагъу зэрищIар, апхуэдэ гущIэгъуншагъэр къызыхэкIам щхьэусыгъуэ къызэрыхуумыгъуэтыфынур. «Мы махуэм ди щхьэр яхудогъэщхъ террорист щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэкIуэдахэм, лIыгъэ зэрахьэу, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр яхъумэу бзаджащIэхэм япэщIэтахэм. Ноби ди къэралыр гъэунэхуныгъэщIэхэм пэщIэтщ, Киевым зэрихьэ залымыгъэр къызэтригъэувыIэн папщIэ. Украинэм щыщ неонацистхэмрэ абыхэм я Iуэхухэр ядэзыIыгъхэмрэ хущIокъу ди цIыхубэр зэфIагъэщхъэну, ягъэшынэну. Ди къалэнщ а къарухэм дапэщIэтыныр, быдэу дызэрыубыду дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъу дахуэхъуну. Си фIэщ мэхъу дызэгъусэу зэрытхуэгъэкIуэдынур терроризмэмрэ абы къишэ шынагъуэмрэ», - итхащ республикэ Iэтащхьэм.

КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ **Мисиров Хъызыр** къызэхуэсахэм защыхуигъазэм жиIащ псэкIи акъылкIи терроризмэм дыпэщIэтын зэрыхуейр. «Зы дин щыIэкъым терроризмэр игъэдахэу е игъэзахуэу. Абы зэраныгъэу къишэр нэхъыбэщ. Псоми ди къарур зэщIэдгъэуIуэмэ, а къэхъугъэ шынагъуэм дытекIуэфынущ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIэпхъаджащIэхэм я зэранкIэ ди цIыхухэр хокIуадэ. ДызыщIэхъуэпсыр зыщ: щIэблэр дуней мамырым щыпсэунырщ», - къыхигъэщащ къэпсэлъам.

Абы жиIам пищэу, Налшык округым, Псыхуабэ, Шэрджэс епархием я члисэхэм я благочиннэ **Бобылёв Валентин** жиIащ: «Нобэ дыщIызэхыхьар терроризмэр къызэремызэгъыр, ар зэрыдмыдэр жытIэн папщIэщ. Анэхэм, сабийхэм я нэпс щыдмылъагъу дуней дахэ щреIэ! ЛIыгъэ зезыхьэу хэкIуэдахэр жэнэткIэ къахуэупсэну Тхьэ дахуолъэIу».

- Нобэрей махуэм хуэдэм дигу къегъэкIыж ди зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэр зэрыиныр, абы куэд зэрелъытар. Беслъэн къалэм къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэр дигу къыщыдгъэкIыжкIэ, зыщыдгъэгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым я псэ емыблэжу щIэпхъаджащIэхэм япэщIэтахэр. Терроризмэм насыпыншагъэ фIэкIа нэгъуэщI къиххькъым. Абы сыт пэдгъэувыфынур? ЩIалэгъуалэр унагъуэ хабзэхэм къыщIэгъэтэджыкIынырщ, щхьэж и щIэныгъэм, лэжьыгъэм жэуаплыныгъэ хэлъу пэрыгъэхьэнырщ. Апхуэдэ жылагъуэм зэран къыхуэхъужыфын щыIэкъым. Дыхуейщ цIыхухэм гущIэгъу яхэлъу, зыр адрейм дэIэпыкъуу мамыру дыпсэуну, - къэпсэлъащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Забаков Азэмэт**.

Дзэ Iуэху хэхам и ветеран, «Хэкум и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым и лэжьакIуэ ПщIыхьэщIэ Ахьмэд жиIащ Беслъэн къалэм къыщыхъуа щIэпхъаджагъэр Урысей псом гуауэшхуэ щыхъуауэ зэрыщытар. «Дэ езым дэлъытащ ди къэралыр ефIакIуэу, цIыхухэр зэгурыIуэу псэуныр. Абы щыгъуэщ щIэпхъаджагъэм дыщыпэлъэщынур», - къыхигъэщащ Ахьмэд.

Терроризм гупсысэхэм димыхьэхыным, ди лъэпкъ хабзэхэм я гущIыIу ахэр къэмыгъэкIуэным щIалэгъуалэр къыхуриджэу пэкIум къыщыпсэлъащ «Вече» урыс щэнхабзэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Литвинов Роман**.

- Нобэ хуэдэу дощIэж 2004 гъэм фокIадэм и 1 - 3 махуэхэм Беслъэн къыщыхъуа гузэвэгъуэм теухуа хъыбар гуэр телевизорымрэ газетхэмкIэ къытIэрыхьэным дыпэплъэу дызэрыщысар. ПщIэрэ щIыхьрэ яхуэфащэщ а махуэхэм лIыхъужьыгъэ зезыхьахэм. ХэкIуэдахэм я фэеплъыр нобэ хуэдэ махуэм дохъумэ. Тхъумэнущ ди щэнхабзэри, хедгъэгъэкIуэдэнукъым ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэри. Дунейпсо терроризмэм иджыпстуи ди щIалэхэр пэщIэтщи, аргуэру зэ нэрылъагъу хъуащ Урысейр зэрылъэрызехьэр», - пищащ жаIам КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтым и лауреат, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт **Мэзукъэбз Аслъэн**.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Хэкум и хъумакIуэхэм ядоIэпыкъу

«Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр юридическэ IуэхухэмкIэ ядоIэпыкъу Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэм, зауэлIхэм я унагъуэхэм. Закъыхуэзыгъазэхэм я хуитыныгъэхэм теухуа чэнджэщхэр ират, дэфтэр зэхуэмыдэхэр щызэхуахьэскIэ щагъэпсынщIэ, хуэныкъуэ хъумэ, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэмрэ судхэмрэ я хуитыныгъэхэр зэрыщыпхагъэкIынум и мардэхэр гурагъаIуэ. «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым зэгурыIуэныгъэхэр ярищIылIауэ ядолажьэ КъБР-м и Прокуратурэм, Дзэ прокуратурэм, КъБР-м и Нотариальнэ палатэм, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэм и IуэхущIапIэм, нэгъуэщIхэми.

«ХЭКУМ и хъумакIуэхэр» щIыналъэ фондым Тэрч районым щиIэ и къудамэм зыхуигъэзащ СВО-м и ветеран Хьэрыс Ислъам. Коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм ехьэлIауэ ветеранхэм папщIэ щыIэ льготэхэм ар щигъэгъуэзащ фондым и район къудамэм и лэжьакIуэ Акъсорэ Каринэ. Абы зауэлIым чэнджэщ иритащ псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмI я IуэхукIэ ветеранхэм ират Iэмалхэмрэ хуитыныгъэхэмрэ къигъэсэбэпыным теухуауэ. Хуигъэхьэзыращ МФЦ-м ирагъэхьыну дэфтэрхэри. ЗауэлIым фIыщIэ ищIащ фондым зэрызыхуигъэза Iуэхур икIэщIыпIэкIэ зэрызэфIагъэкIам папщIэ.

Хьэрыс Ислъам Тэрч районым хыхьэ Арыкъ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, техникэ училищэм фIыуэ щеджащ, дзэм щраджэм, Архангельск

областым къулыкъу щищIащ.

2022 гъэм и фокIадэм Ислъам ягъэкIуащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам. СВО-м тIасхъэщIэхыу щыIащ, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу игъэзэщIащ къэралым къалэн къыщищIар. ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъэгъуащ щIалэм. ИужькIэ, Хьэрысыр унэм къагъэкIуэжащ, бын куэд зэриIэр къалъытэри.

ГЪУЭТ Синэ.

Ди къуэш республикэхэм

Лъэпкъ музей

АДЫГЕЙ. **Республикэм и Лъэпкъ музейр - щIыналъэм и щэнхабзэ центрхэм ящыщу Адыгейм пасэм и Iэужьу щыIэр хъумэнымрэ и тхыдэр джынымрэ пыщIа Iуэхухэр езыгъэкIуэкIыр - мы гъэм илъэси 100 ирокъу. Музейм и фондым хохьэ пасэрей артефактхэу, хьэпшыпрэ гъуазджэм ехьэлIауэ мин 340-м щIигъу.**

- Федеральнэ дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ щIыналъэм и музей ехьэжьахэр зэрагъэпэщыжащ. И теплъэр, пэшхэр зыхуей хуэгъэзэным, коммуникацэхэр зэхъуэкIыным къыдэкIуэу, Лъэпкъ музейм папщIэ къэтщэхуащ икIи дгъэуващ зыхуеину иджырей Iэмэпсымэхэр. КъинэмыщIауэ, мыбы къиубыд щIы Iыхьэм щаухуащ къатищ хъу хъумапIэ, гъэлъэгъуэныгъэм хуэгъэпса павильонитI, «Адыгская усадьба» пщIантIэр.

КъагъэщIэрэщIэжа IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщащ хэзыгъэгъуазэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ, конференцхэмрэ творческэ зэIущIэхэмрэ щебгъэкIуэкI хъуну, - къретхэ социальнэ сетхэм Адыгейм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат.

Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ музейм и гупэр дахэу къызэщIоблэ. Ар нэхъри щIэрэщIэнущ ТекIуэныгъэм, ИлъэсыщIэм я махуэхэм.



Сом мелуан 200-м щIигъу

АБХЪАЗ. **Лъэпкъ банкым къызэритымкIэ, Абхъазым и коммерческэ банкхэм ахъшэ хэзылъхьахэм 2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм сом мелуан 200-м щIигъу къалэжьащ (псоми зэхэту).**

ЦIЫХУХЭМ банкхэм халъхьам и зэхуэдитым нэблагъэр Абхъазым и Сбербанк ОАО-м хуозэ.

Банкхэм зи ахъшэ зыхьа цIыху къызэрыгуэкIхэм 2025 гъэм и япэ мазихым хэхъуэу яIэрыхьащ сом мелуан 214,5-рэ.

Черкесск къалэм хуэгъэпсащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Бэшорэ М.О. и цIэр зезыхьэ Республикэ музей-заповедникым хэт сурэт галереем къыщызэIуахащ сурэтыщI КIыщокъуэ Музэчыр «Цвета родного города» зыфIища и гъэлъэгъуэныгъэ. Абы и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу 43-р теухуащ Черкесск къалэр илъэс 200 зэрырикъум.**

УТЫКУ кърахьа лэжьыгъэхэм пейзажхэр, натюрмортхэр, къалэм и уэрамхэмрэ унэхэмрэ, нэгъуэщIхэри, адыгэ-абхъаз зэхуэщытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ, СВО-м теухуахэр хэтщ. Гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщащ «Урысей зэкъуэт» партым «Культура малой родины» зыфIища и федеральнэ проектым ипкъ иткIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Iуащхьэмахуэ лъапэ ягъэкъабзэ

Щэбэт кIуам Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм - Iуащхьэмахуэ - иджы еянэрэ щекIуэкIащ экологиемкIэ «Бгы къабзэ» унагъуэ фестивалыр.

2018 гъэм Iуэхур япэу щызэхашам абы хэтащ цIыху 200-м нэблагъэ, мы гъэм кърихьэлIащ 3700-рэ. Мы зэхыхьэм и къалэн нэхъыщхьэр бгым щыIэ кIэрыхубжьэрыхур зэщIэкъуэнырщ, экологием гулъытэ зэрыхуэщIын хуейр, зэрыхуэсакъыпхъэр цIыхухэм я деж нэхьэсынырщ.

«Илъэс къэс цIыху мин бжыгъэхэр кърохьэлIэ мы Iуэху щхьэпэм. Ахэр унагъуэу, гуп щхьэхуэу къокIуалIэ щIыпIэм. Сабий 500-м щIигъум ди гъусэу зыхуагъэсащ зыхэщIэ яIэу гъащIэр зэрырахьэкIыным», - къитащ Кавказ.РФ-м и пресс-IэнатIэм.

ГъэщIэгъуэнщ мы Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм и къалэхэм щыпсэухэм къищынэмыщIауэ, Урысейм и щIыпIэ куэдым щыщхэр къызэрыхыхьэр. Псалъэм папщIэ, абыхэм яхэтщ Кемеровэ, Калининград, Южно-Сахалинск, Краснодар, Москва, Санкт-Петербург къикIахэр.

Экофестивалыр къызэIуахащ Урысейм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей, Кавказ.РФ-м и унафэщIхэу ТIымыжь Хьэсэн, Беккаев Хьиса, Тапаев Рустам сымэ. Абыхэм къыхагъэщащ дыкъэзыухъуреихь дунейр къабзэу щытыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, экологием и щытыкIэм игъэгумэщIу зэхыхьа цIыхухэм егъэлеяуэ Iуэху щхьэпэ зэрызэфIагъэкIынур.

Лэжьыгъэм къыщытхуэсэбэпыну хьэпшыпхэр, кIапсэ гъуэгум дызэрыдэкIыну билетыр, футболкэ, пыIэ, «Бгы къабзэхэр» дамыгъэр зытет бгъэхэIур къыдата нэужь, метр 2300-рэ зи лъагагъ «Мир» станцым дыдэкIуеящ икIи абдеж Iуэхум дыщыпэрыхьащ. КIэрыхубжьэрыхур зэмылIэужьыгъуэ куэд хъурт: щIыпIэм ущрихьэлIэрт гъущIхэкI, пластикэ пкъыгъуэхэм, птулъкIэхэм, кIэнфетыфэхэм, нэгъуэщIхэми. Илъэс къэскIэ мыпхуэдэу ягъэкъабзэми, кIэрыхубжьэрыхур мащIэтэкъым.

Къызэрыхэдгъэщащи, мы Iуэхум зи закъуэу хэтхэри гупу зыкърезыгъэхьэлIахэри щыIэт. Апхуэдэу иужьрейхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и «Экосистема» зэщIэхъееныгъэр, Невинномысск къикIа «ЭЛ5-Энерго» гупыр. «Дэ цIыху 20 дыхъуу дыкъэкIуащ, Iуэху щхьэпэм хэтыну гупыж зыщIахэр нэхъыбэ хъурт, ауэ тIысыпIэхэр зэрахуримыкъунум къыхэкIыу, адрейхэр кърихьэлIэфакъым. Пэжщ, мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къызэрагъэпэщын хуей мыхъуу щытамэ нэхъыфIт, дыхуейт цIыхухэм къэзыухъуреихь дунейр фIей ямыщIыну. Сэ мы щIыпIэм иджы япэ сыкъакIуэу аращ, егъэлеяуэ дахэщ, си гукъинэхэр зыхуэдэ щымыIэщ, - жиIащ Невинномысск къикIахэм яхэт Иванов Михаил.

Дунейр уэфIу ирихьэлIащ. Экофестивалым хэта цIыху гупым я къару зэщIэгъэуIуам и фIыгъэкIэ а махуэм бгы лъагъуэу, щIыпIэ дахэу километр зыбжанэ ягъэкъэбзащ. КIэрыхубжьэрыхуу тонн 14 зэщIакъуащ. Сыхьэтыр 14-м Iуэхум хэтахэр хуэмурэ бгым къехыжын щIадзащ, и лъабжьэм абыхэм къащыпэплъэрт шэджагъуашхэу хуагъэхьэзыра плов пщтырыр. Абы иужькIэ гупыж зиIэхэр концерт еплъащ.

Зэман жыжьэм къыщегъэжьауэ Iуащхьэмахуэ ди республикэм и дамыгъэщ. Дывгъэхъумэ а щIыпIэм и дахагъэ къызэрымыкIуэр, абы и щIыуэпс телъыджэр.

КЪУЩХЬЭ Назар.

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ!

2025 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 540-рэ кIэпIейкIэ 78-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 493-рэ кIэпIейкIэ 77-рэ.

Ди индексыр П5894

«2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэмрэ анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэмрэ щытекIуахэм, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №82-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ, школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэмрэ, анэдэлъхубзэхэмкIэ республикэ олимпиадэмрэ щытекIуахэм, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2025 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №82-УГ-м мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Указым зэреджэм щIыгъужын «,школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэм щытекIуахэмрэ пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэмрэ» псалъэхэр;

б) «2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кIэух Iыхьэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм» Iыхьэм еянэ абзацыр хэгъэкIын;

в) «2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ я республикэ олимпиадэм щытекIуахэр» Iыхьэм япэ абзацым «балъкъэрыбзэмкIэ» псалъэр «къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

г) «2024 - 2025 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэрэ абыхэм я литературэмкIэ я республикэ олимпиадэмхэм щытекIуахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэм» Iыхьэм ебланэ абзацым «муниципальнэ районым.» псалъэхэр «муниципальнэ районым,» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

д) щыщIыгъужын мыпхуэдэу тха Iыхьэхэр:

«**школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэу Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм 2024/25 гъэ еджэгъуэм школакIуэхэм я олимпиадэхэм я лIэужьыгъуэхэм хигъэхьахэм щытекIуахэу**

Джафаровэ Айдан Самир кызы - школакIуэхэм я «Евразие бзэ олимпиадэ» щIыналъэ зэхуаку олимпиадэм щытекIуам

Дэхъу Амир Илья и къуэм - школакIуэхэм я «Еплъыныгъэ нэхъыщхьэ» урысейпсо олимпиадэм обществознаниемкIэ щытекIуам

Езауэ Ахьмэд Анзор и къуэм - школакIуэхэм я «Ломоносов» олимпиадэм химиемкIэ щытекIуам

Кантиевэ Анастасие Алан и пхъум - школакIуэхэм я «Еплъыныгъэ нэхъыщхьэ» урысейпсо олимпиадэм филологиемкIэ щытекIуам,

школакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэу 2024/25 гъэ еджэгъуэм Урысей Федерацэм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ и министерствэм школакIуэхэм я олимпиадэхэм я лIэужьыгъуэхэм хигъэхьахэм пэрыт увыпIэхэр щызыубыдахэу

Дэхъу Амир Илья и къуэм - школакIуэхэм я «Еплъыныгъэ нэхъыщхьэ» урысейпсо олимпиадэм социологиемкIэ пэрыт увыпIэ щызыубыдар

Кантиевэ Анастасие Алан и пхъум - школакIуэхэм я «Еплъыныгъэ нэхъыщхьэ» урысейпсо олимпиадэм инджылызыбзэмкIэ пэрыт увыпIэ щызыубыдам

Панковэ Алисэ Валерий и пхъум - финанс шынагъуэншагъэмкIэ къэрал зэхуаку олимпиадэм пэрыт увыпIэ щызыубыдам

Салпагаров Къэнэмэт Руслан и къуэм - школакIуэхэм я «Ломоносов» олимпиадэм «Технологие лъагэхэр» лIэужьыгъуэмкIэ пэрыт увыпIэ щызыубыдам

СоковыхЕроникэ Юрий и пхъум - школакIуэхэм я «Еплъыныгъэ нэхъыщхьэ» урысейпсо олимпиадэм тхыдэмкIэ пэрыт увыпIэ щызыубыдам.».

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм шыщхьэуIум и 22-м
№89-УГ

Зэпlэзэрытщ, зыгъэгушхуэщ

Ди газетым зэрытетащи, Къущхьэхъум и Хьэмащэ Iэхэлъахэм и хэщIапIэ нэхъыщхьэмрэ абы къедза Iэбгъэ зыбжанэмрэ иджыблагъэ дыщыIащ. Абыхэм ящыщ зыщ Нэхущ Руслан зи унафэщI «Рассвет-Н» ООО-м и гъэш фермэр.

Iэбгъэр зэрыт фэхум дыщихьэм, абы Iуэху щызыщIэ щIалэ гупыр къытпежьэри дыщIашащ фермэм егъэщIылIа псэупIэ нэхъыщхьэм шхапIэ папщIэу щаIэ пэш Iэхуитлъэхуитым.

Япэу псэлъэгъу тхуэхъуар Iэбгъэм и тхьэмадэ ЩОКЪУИЙ Албэчщ.

- МЫР гъэш фермэщ, Iэщыр Нэхущ Руслан къызэригъэпэща IэнатIэм ейщ. Дэ абы дрилэжьакIуэщ. Илъэс бжыгъэ хъуащ мыбы сызэрыщылажьэрэ. Жэм къашу 400-м нэблагъэ тIыгъщ, шкIащIэхэр, щынэ цIыкIухэр диIэщ, - жеIэ Щокъуийм.

- Мы гъэм сыт хуэдэ мазэм фыкъыдэкIа?

- Гуваущ, бадзэуэгъуэр къихьауэщ. ЩIыхэдгъэкIэсар гъатхэр, зэрыфщIэщи, техьэтекIрэ щIыIэбжьу зэрыщытарщ. ДыкъыдэкIын ипэкIи, Iэщыр зыщIэдубыдэ бэкхъхэмрэ хьэщпакъхэмрэ зэдгъэпэщыжащ.

- Уэ, Албэч, Iэщ гъэхъуным узэрыпэрытрэ куэд щIа?

- 1984 гъэ лъандэрэ мы Iуэхум сыхэтщ. Къулъкъужын къуажэм сыщыщщ. Совет лъэхъэнэм ХХ парт съездым и цIэр зезыхьа колхозым Iэщыхъуэу сыщылэжьащ. Къэралым унафэ зэрыхуащI щIыкIэр зэрахъуэкIати, уней лэжьыгъэм зезытахэм запытщIауэ, мис дыкъызэрыфлъагъущ, мыбы дыщыIэщ.

- Мыбдежым щылажьэхэм я нэхъыбэр фи къуажэм щыщ?

- Сэ зыращ Къулъкъужыныр. Мыдрейхэм Аушыджэр щыщ яхэтщ, Шэджэм къикIаи, Налшык къалэ дэси.

- Я цIэ-унэцIэхэр къыджепIамэ арат.

- Къедбжэкl хъумэ, ахэр Джэдгуэшхэ Заур, Щоджэнхэ Аслъэнрэ Муратрэ, Батырхэ Людэ, Островная Еленэ сымэщ.

- Абыхэм я къалэныр къыджепIэн?

- Щоджэнхэ Аслъэнрэ Муратрэ Iэхъуэщ, мыдрейхэр жэмышщ.

- БлэкIа илъэсхэм евгъапщэмэ, мы гъэм фи Iуэхур сытым тет, Албэч?

- Мыгъэрей гъэмахуэм, куэдкIэ нэхъ арэзы укъищIу, хъуныр нэхъ къызэщIэуващ, адрей гъэхэм етлъытмэ.

- Фермэм ику иту шэуэ дапщэ къыщашрэ, здэфшэри дэнэ?

- Иджыпсту жэм псэфхэмрэ зи гъужыгъуэ нэсахэмрэ нэхъыбэщи, зэ къэшыгъуэу нэхъ мащIэщ къащIэкIыр. Налшык дэт гъэш заводым дыпыщIащи, шэр абы идот, шкIащIэхэм ирафыр, дэ езым къэдгъэсэбэпыр хыдогъэкIри. Шэ къызэрырашэкI машинэ диIэщи, пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми бгым къыдэкIыурэ, абы ирешэх. КъинэмыщIауэ, шэр зэмыкIуэкIыу зэрытын щIыIалъи диIэщи, абы ди Iуэхур куэдкIэ нэхъ къытщегъэпсынщIэ. Езы жэмышхэри абы хуэщIа IэмэпсымэкIэщ зэрылажьэр.

- Жэщ-махуэм жэмхэм дапщэ къыватыр?

- Литр 14 - 14,5-рэ ику иту къащIыдош.

- Зи унагъуэхэр къэзыгъэнауэ, гугъу зезыгъэхьу Къущхьэхъум исхэр улахуэкIэ, шхынкIэ зыхуей фыхуэзэрэ?

- УлахуэкIи шхынкIи дызэгъэпэщащ. Жэмышхэм я лэжьапщIэр къашым теухуащ.

- ФызыгъэпIейтейуэ, фигу нэхъ щIэныкъуэу, мыр нэхъыфI хъуарэт, едгъэфIэкIуарэт хужыфIэну фи Iуэхум сыт хэлъыр?

- Тхьэм и фIыщIэкIэ, апхуэдэу дыщIэгузэвэн диIэкъым. Дызыгъэлажьэм и напэр тедмыхыу дызэрыбгъэдэтым хуэдэ къабзэу езыри къытхущытыжу дыкъокIуэкI, нэхъыфIыжкIи догугъэ.

- Мо бжэIупэм деж къыщиж псыр дэнэ къыздикIыр?

- КъыщIэжыпIэм къыщыщIэдзауэ бжьамийхэр дукъуэдиящи, псыр езыр-езыру къокIуэ.

- Фызыщыщ унагъуэхэм фалъэIэсыфрэ?

- Мазэм хуэзэу дэтхэнэми зы тхьэмахуэкIэ, уеблэмэ нэхъыбэкIи зигъэпсэхуну хуитынигъэ диIэщ, мыбдежым къытенэн хуей цIыху бжыгъэм елъытауэ. Iэбгъэм тесхэр куэд щIауэ дызэдолажьэ, дызэрогъэпэж, дахэуи дыщызэдокIуэкI.

- Албэч, мыбыи щIэупщIапхъэу къыдолъытэ: фи Iэщымрэ мэлымрэ хьэIуцыдздыгъужь хуэдэ хьэкIэкхъуэкIэхэр зэран къахуэхъуркъэ?

- Хьэуэ, къытлъэIэсыркъым.

- Iэщым ирахьэлIэ хущхъуэр тэмэму вгъуэтрэ?

- Iэбгъэр зей Нэхущ Руслан хущхъуэкIи, нэгъуэщIхэмкIи и чэзум дыкъызэрегъэпэщ. Эпизоотологие, абы хиубыдэ нэгъуэщI узыфэхэм яхуэгъэзауэ ар зи къалэнхэм Iэщым мастэ халъхьэ, хущхъуэ ирахьэлIэ. ШкIэхэм, щынэ цIыкIухэм увыIэгъуэ димыIэу дакIэлъоплъ, жэм къашым дахэтщ. КъыжыIэпхъэщ Iэщым къеуз узыр цIыхум къеуэлIэнкIи зэрыхъунур, и гъэшымрэ лымрэ дэщIыгъуу. Аращи, Iэщым цIыхур къамыцIэлэн папщIэ, а тIум я зэхуакум дэ дыдэтщ.

«Рассвет-Н» ООО-м и пщыIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Щокъуий Албэч къыджиIам и кIэ къихуэу, мыри къыхэгъэщыпхъэщ.

Ди республикэм и гъэмахуэ хъупIэхэм Iэщ щызезыхуэхэм я бжыгъэм иужьрей илъэсым хэхъуэ зэпытщ. Ар, шэч хэмылъу, узыгъэгуфIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ IапIэм иджыблагъэ хъыбар зэрызэбгригъэхамкIэ, мы лъэхъэнэм бгыщхьэхэм щаIыгъщ Iэщышхуэхэм ящыщу мин 50-м нэблагъэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я бжыгъэр мини 100-м щхьэдэхащ, шыхэр мини 7-м нызэрохьэс. Псори зэхэту щагъэхъум я бжыгъэр нэгъабэрейм елъытауэ проценти 7-кIэ нэхъыбэщ.

Хозяйствэхэм гъэмахуэ хъупIэхэм хуагъэхьэзырауэ щыта Iэщым КъБР-м ветеринар медицинэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм, пIалъэу къыхуагъэлъэгъуам кърихубыдэу, мастэхэр хаIуащ, хущхъуэхэлъхьэхэр ирагъэшхащ.

Республикэм и реестрым хъупIэрэ мэкъупIэу 550-рэ щатхащи, абыхэм, псори зэхэту, гектар 136 987-м щIигъу къызэщIаубыдэ. ЩIы кIапэхэу 340-р (гектар 85 703-рэ) Дзэлыкъуэ щIыналъэм итщ, 144-р (гектар 33 328-рэ) Iуащхьэмахуэ районым щыхатхыкIащ. Адрейхэр Шэрэдж, Псыгуэнсу, Хазнидон къуэладжэхэм я псыхъуащхьэхэм дэтщ.

Мы лъэхъэнэм бгыщхьэхэм щыIэ хъупIэхэр зэрахьэ, псори зэхэту, цIыху 1200-м щIигъум. Ахэр, къэдгъэлъагъуэмэ, IэщыхъуэхэрщI, ветеринар, медицинэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэрщ, энергетикхэрщ, гъуэгум кIэлъыплъхэрщ.

Бгыщхьэхэм щаIыгъ Iэщым и нэхъыбэр, гъэ къэси хуэдэу, фокIадэм и кIэм кърахухыжынущ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъхэр

Урысей МВД-м полицэм и плъыр-пост къулыкъумрэ административнэ законодательствэр гъэзэщIэнымкIэ и IэнатIэхэмрэ къыщызэрагъэпэща махуэм и щIыхькIэ КъБР-м щыIэ МВД-м Iуэху гуапэ щекIуэкIащ.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и полковник Мамхэгъ Назир къеджащ Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ, полицэм и генерал-полковник Горовой Александр къыбгъэдэкI фIэхъусым.

«Плъыр-пост къулыкъум и лэжьакIуэхэм нэщIысауэ ягъэзащIэ хуагъэува къалэнхэр. Абыхэм я лэжьыгъэм гугъуехь куэд пыщIащи, лIыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъын хуейщ. Абыхэм яIэщIэлъщ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр, ипэжыпIэкIэ ахэрщ зыхъумэр жылагъуэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ. ФIыщIэшхуэ яхузощI ветеранхэм, къулыкъум епха хабзэр зэрагъэбагъуэм, я Iэзагъэр лэжьакIуэщIэхэм зэрыбгъэдалъхьэм папщIэ», - къыхощ къызэрехъуэхъум.

Полицэм и полковник Мамхэгъ Назир къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав къыбгъэдэкIыу IэнатIитIым я лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, гупым махуэшхуэмкIэ ехъуэхъури, фIэхъус тхылъ иритащ жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ полицэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и полковник Шаваев Арсен.

- Фи лэжьыгъэм и унэтIыныгъэр, сыт щыгъуи хуэдэу, мыхьэнэшхуэ зиIэхэм язщ. Мы махуэшхуэм гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу насыпрэ узыншагъэ быдэкIэ гъэнщIа гъащIэ фиIэну, адэкIи ехъулIэныгъэхэр зыIэрывгъэхьэну! - къыхигъэщащ Мамхэгъ Назир.

Зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкI, ехъулIэныгъэ зиIэ лэжьакIуэхэм мы зэIущIэм щратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр, министрым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Тхылъыр зи гъащIэм хэт цIыхум и дуней лъагъукIэм Iэджэ фIагъи къызэрырикIуэм куэд щIащ гу зэрылъатэрэ. Тхылъ еджэ цIыхум къалэр мафIэсым щыщихъумаи, зэтекъутэ къуажэ жэмыхьэтыр къыщригъэлаи, зэгурымыIуэхэр щызэригъэкIуэжаи, щхьэрыуахэр гъуэгу захуэм щытригъэувэжаи мызэ-мытIэу къэхъуащ.

● Щэнхабзэ

ЩIэныгъэм хуегъэуш

ТХЫЛЪЫМ узыхишэ дунейр зыкъомкIэ хъуапсэм ещхьщ: абы къыщыIуэта псори зэрыщыт дыдэм хуэдэу гъащIэм къыщымыхъункIи хъунщ, ауэ а гъащIэр а къэхъугъэхэм я фэгъу защIэкIэ гъэнщIащи, зихуэдэ щымыIэ гъуазэ телъыджэу уи пащхьэм къоувэ. Тхылъ дунейм гум уримышалIэмэ, уасэ хуэбгъэувынкIэ гугъущ, апхуэдэ дыдэу ар къыпхуэщэхунукъым икIи къыпхуэхъуэжынукъым. А уасэри къызэрыгуэкIщ - цIыхур фIыуэ лъагъун, тхылъыр лъытэн хуейуэ ара къудейщ. Тхылъыр гупсысэкIэ зэрызэхъуажэ IэмалщI. ЦIыхур уи щхьэ иумылъытмэ, абы и пIэ зумыгъэувэмэ, и щхьэпи къэкIуэнукъым, цIыхури гъунэгъу зыхуэпщIыфынукъым. Тхылъыр - а гуращэ дахэм телажьэ, гъуэгу захуэм утезыгъэувэ Iэмэпсымэщ, арыххэуи, ар цIыхугъэр зыфIэлъапIэ дэтхэнэми IэщIэлъхьэн хуейщ.

Апхуэдиз псэуззэщI Iуэхугъуэр къызыдэкIуэ тхылъым къыдэкIуэтей щIэблэр дегъэхьэхыныр нэхъыжьхэм я къалэнхэм ящыщщ. Арат зытеухуар иджыблагъэ, ЩIэныгъэхэм я махуэм, Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм дэт библиотекэм щекIуэкIа зэIущIэ щхьэпэр. IуэхущIапIэр тхылъыр зи гъащIэм хэтхэм я зэIущIапIэ, литературэ уэршэрхэр, щIэныгъэ псалъэмакъхэр щекIуэкI зэхуэсыпIэ зэрыхъунум аркъудей шэч хэлъкъым.

Жылагъуэ гъащIэм и курыхыр цIыхурщ. Аращ зи пщэ дэлъыр и ужьым иту къыдэкIуэтей щIэблэр унэтIыныр, гъэгъуэзэныр, гъащIэм хэшэныр. Абы телажьэрт иджыри къыздэсым цIыхухэр зэса гъэпсыкIэм тет библиотекэхэр, тхылъ хъумапIэхэр, тхылъэщхэр. Иджы Ислъэмей адыгэ жылэжьым зи тхылъ тегъэувапIэкIи, унэлъащIэкIи, техникэ Iэмэпсымэхэм къанэ щымыIэу зэрахъуэкIа, зи пэш кIуэцIхэр зэрыщыту къагъэщIэрэщIэжа екIуэлIапIэ щыIэ хъуащ, удихьэхыу, узыIэпишэу, щIэныгъэм ухуигъэушу.

Иджырей жыпхъэм иту зи бжэхэр щIэрыщIэу къызэIузыхыжа библиотекэм лэжьэн щыщIидзар 1950 гъэращ. Тхылъ гъэтIылъыгъэхэр къыдэкIыгъуэ 40245-рэ мэхъу. Библиотекэр цIыху 1420-м ялъоIэс. Къыхэгъэщын хуейщ ар цIыху кIуапIэу, тхылъхэм щIэупщIэ яIэу, зэIэпахыу зэрыщытыр. Нэгъабэрэ дызэрыт илъэсымрэ къриубыдэу библиотекэм цIыху 28460-рэ щызэблэкIащ. Библиотекэм цIыху къезышалIэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ абы «Хабзэхъумэ щхъуантIэ» икIи «Хэкупсэ ныбжьыщIэ» щIалэгъуалэ хасэхэр зэрыщылажьэр, къуажэм дэс ныбжьыщIэхэр абы фIэфIу жану зэрыхэтыр.

Иджырей жыпхъэм иту библиотекэр къыщызэIуах махуэщIым кърихьэлIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Бахъсэн щIыналъэм щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Балъкъыз Артур, абы жылагъуэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Iэхъуэбэч Анзор, къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Ахъы Аслъэнбэч, жылэм и библиотекэм и унафэщI Шапсыгъ Алесэ, Бахъсэн щIыналъэм и библиотекэхэм я лэжьакIуэхэр, курыт еджапIэхэм щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ, тхылъыр зи IэпэгъуэхэрI.

ЗэIущIэр къызэIузыха Балъкъыз Артур къыхигъэщащ щIызэхуэса Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэрыритыр, абы цIыхухэм я псэуныгъэмрэ щыIэныгъэмрэ зыдаузэщIыну зэрыщыгугъыр.

- ГъащIэм щIыпIэшхуэ щаубыд хъуащ щIэныгъэмрэ техникэмрэ. Иджыри къыздэсым щIэныгъэм щекIуэкI къэхутэныгъэхэр абы и кIуэцIым къинэжу щытамэ, иджы ахэр хэпщIыкIыу гъащIэм щыболъагъу, сыт хуэдэ IэнатIэми и зыужьыныгъэм зэрытелажьэри зыхыдощIэ. Абы къикIыр арацщи, Iэмалу диIэр зэдгъэуIукIэрэ, ди щIалэгъуалэм я гур пасэу щIэныгъэм хуэдгъэушын хуейщ. Иджырей жыпхъэм ит библиотекэхэм, щыIэ щапхъэхэм къызэрагъэлъэгъуащи, а зэфIэкIыр ябгъэдэлъщ. НыбжьыщIэхэм IэкIэ къахуэщтэну тхылъхэр занщIэу ягъуэтмэ, хъарзынэщ, ауэ зылъэмыIэсыр пэIудза IэмалхэмкIэ библиотекэр къызэрызэрагъэпэща техникэхэмкIэ къигъуэтыфынущ, зэригъэзэхуэфынущ. Дыщогугъ ди жылагъуэм и зэхэщIыкIым хэхъуэнымкIэ, и дуней лъагъукIэм зиубгъунымкIэ щIэрыщIэу къызэIутхыж библиотекэр телэжьэну, - жиIащ Балъкъыз Артур.

Лъэпкъ щэнхабзэр хъумэнымкIэ, щIэныгъэм лъэбакъуэшхуэхэр ичынымкIэ и фIагъ куэд къызэрыкIуэнур къыхигъэщащ Къумахуэ Мухьэдин и къэпсэлъэныгъэми.

- ЦIыхуцIэ зиIэр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэурэ зэхэтщ. Лъэпкъ къэси езым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр бгъэдэлъыжщ. ЩыIэныгъэм ди пащхьэ кърагъэува Iуэхугъуэхэм ящыщщ ди щIэблэр ди щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм щIэпIыкIын, хэкупсэу, щалъхуа лъахэмкIэ пэжу икIи щыпкъэу къэгъэтэджын зэрыхуейр. ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ я Iэмалхэр а къалэным телэжьэнумэ, тхуэзэфIэкI къэдгъэнэнкIэ Iэмал иIэкъым. «Унагъуэ» лъэпкъ пэхуэщIэр зыхуэунэтIар щIыпIэхэм щыIэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм апхуэдэ къару етынырщ, унагъуэхэм ялъэIэсу, ахэр зэришалIэу, щIалэгъуалэр игъэгъуазэу нэхъапэхэм иIа Iэмалхэм къегъэгъэзэжынырщ. Сэ хуабжьу сыщогугъ иджырей жыпхъэм иту къызэIутх библиотекэм хузэфIэкIынур жэрдэм зыбжанэкIэ мыхъуу, пэхуэщIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ утыку кърихьэну, цIыхубэм яхыхьэну, и Iэмалхэр игъэкуэдыну.

Библиотекэ лэжьакIуэхэр дапщэщи хьэлэлу IэнатIэм пэрыт цIыхущи, къуажэми, Бахъсэн щIыналъэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми цIыху акъылыфIэ, зэчий зыбгъэдэлъ, зи зэхэщIыкIыр жан куэд къызэрыдатынум шэч къытесхьэркъым, - жиIащ министрым.

Библиотекэр дяпэкIэ тхылъ хъумапIэ къызэрыгуэкIыу щытыжынукъым. Абы дунейми гъащIэми къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм зыдищIу, къыщыхъу щIэщыгъуэхэм зыдиужьу щытынущ. Тхылъыр цIыхум IэщIэмыгъэхуныр, Iэпэгъу хуэщIыныр, щIэджыкIакIуэхэр зэшэлIэныр, ахэр тхыгъэ дунейм къыщекIуэкIым щыгъэгъуэзэныр библиотекэхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытамэ, иджы ахэр жэрдэмыщIэхэр къыщыхалъхьэ, зи Iуэху еплъыкIэкIэ зэтехуэ цIыху гупхэм я зэхуэсыпIэ хъун хуейщ. Библиотекэ лIэужьыгъуэщIэхэри аращ зэрыщытынур.

Тхылъ тегъэувапIэхэр сатыру екIуэкIыу пэш щхьэхуэм и утыкум итыжкъым, ахэр блыным декIуэкIыу кIэрытщ. Утыкум зэгъэуIуауэ Iэнэхэр итщ, зыр адрейм зэран хуэмыхъун хуэдэу зэбгъурыту. Пэшхэм компьютер зыбжанэ щIэтщ, хуей хъумэ, библиотекэм къыщIыхьэр абыхэм ирилэжьэну хуиту. Пэш Iэхуитлъэхуитхэм щIэт унэлъащIэхэр зэрыщыту щхъуэкIэплъыкIэщ, уи гукъыдэжыр къаIэту, жэрдэмхэр къызэщIагъэбатэу. Мыбдеж уи нэгу зыщебгъэужьыным, зыщыбгъэпсэхуным къищынэмыщIауэ, щIэныгъэ лэжьыгъэхэр къыщызэбгъэпэщыну Iэмал щыIэщ - Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуа лекцэхэм укъыщеджэ, мастер-классхэр щызэхэпшэ, дерс гъэщIэгъуэнхэр къыщызэбгъэпэщ хъунущ.

«Унагъуэ» проектым нэгъуэщI Iэмалхэр къет библиотекэ лIэужьыгъуэщIэхэр нэгъэсауэ щэнхабзэ центр хъун папщIэ. Ислъэмей къуажэм къыщызэIуахыжа библиотекэр жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къагъэсэбэп хъунущ, цIыхухэмрэ абыхэмрэ щызэрыщIэ, щызэлъэIэс щIыпIэу ахэр тхылъми гъунэгъу яхуищIу.

Зи лэжьэкIэм зихъуэжа, зи Iуэху щIэкIэр щIэщыгъуэ защIэу зэхэухуэна хъуа библиотекэ зэхуэсыпIэр хухаша гъуэгущIэм техьакIэщ, гъэ еджэгъуэщIэм щыщIэдзауэ и лэжьыгъэр шэщIауэ ирищIэкIуэнущ.

ШУРДЫМ Динэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэхущытыкIэфIхэр зэхуаIэщ

Китайм и къалащхьэм щхьэхуэу щызэхуэзащ Урысей Федерацэмрэ Беларусь Республикэмрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Лукашенкэ Александррэ. ЛIыщхьэхэр тепсэлъыхьащ къэралитIым я зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэужьыным теухуа Iуэхугъуэ куэдым икIи къыхагъэщащ зэхущытыкIэфIхэр яIэу къызэрызэдекIуэкIыр.

«БЕЛАРУССИЕМ Урысейр нэгъуэщI къэралкIэ ихъуэжыфынукъым», - жиIащ Лукашенкэ Александр. Абы и жэуапу Путин Владимир жиIащ апхуэдэ щытыкIэ дыдэ зэрыхуаIэр, къэралитIым яку дэлъ зэхущытыкIэфIхэм мыхьэнэшхуэ яIэу къызэрилъытэр. Урысейм и Президентым къыхигъэщащ лъэныкъуитIым я экономикэ зэдэлэжьэныгъэхэм зегъэужьынымкIэ Iуэху куэд зэрызэфIагъэкIар, абы кърикIуахэри нэрылъагъуу зэрыщытыр.

Къэрал УнафэщIхэр тепсэлъыхьащ сату зэпыщIэныгъэхэм хэхъуэшхуэ къазэрыхуихьам, хьэпшып, ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэхэу доллар мелард 50-м щIигъу и уасэ зэрызрагъэкIуэкIар, апхуэдэ фейдэ къызыпэкIуэ зэдэлэжьэныгъэр куэдым къазэремыхъулIэр. Путин Владимир къыхигъэщащ промышленнэ IуэхущIапIэхэм я зэпыщIэныгъэм зегъэубгъуным гулъытэ нэхъ зэрыхуэщIыпхъэр. Президентхэр зэгурыIуащ я зэхущытыкIэфIхэм адэкIи зрагъэужьыну, къэралитIым я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэрызэдэлажьэм зрагъэубгъуну.

IэщэкIэ зыщIегъакъуэ

Эстонием и президент Карис Алар НАТО-м и секретарь нэхъыщхьэ Рютте Марк и гъусэу иригъэкIуэкIа конференцэм щыжиIащ мы илъэсым щIыналъэм къыщалэжь продукцэм къыпэкIуэ хэхъуэм и процент 0,3-р къэралым Украинэм хуищIэ дзэ дэIэпыкъуныгъэм зэрытригъэкIуэдар.

«ЭСТОНИЕМ адэкIэ зыщIигъэкъуэнущ Украинэм, - жиIащ абы. - Ди къэралым и дзэ промышленностыр Украинэм долажьэ. ЕтIанэгъэ щыщIэдзауэ ВВП-м къит хэхъуэм и процентi 5-р зыхъумэжыныгъэм тедгъэкIуэдэнущ».

Урысейм къелъытэ Украинэм Iэщэ хуезыгъашэхэр къэралитIым яку къыдэхъуа зэныкъуэкъур зэфIэхынымкIэ зэран хъуэ, НАТО-м и къэралхэр зэпэщIэтыныгъэм къыхашэу, «мафIэр» зэщIагъаплъэу. Кремлым щыжаIащ КъухьэпIэм и къэралхэм Украинэм Iэщэ зэрыратым абыхэм я мурадхэр зыхуэдэр къызэригъэлъагъуэр икIи фIы лъэпкъ къызэримышэнур.

ФокIадэм и 4, *махуэку*

♦Тхэквондом и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и ядернэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ IэщIагъэлIым и махуэщ

♦**1922 гъэм** къалъхуащ Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта шэрджэс еджагъэшхуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Нэпсо Долэт**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ журналист, публицист, тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Чэрим Марианнэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

ФокIадэм и 5, *мэрем*

♦Псапэ щIэным и дунейпсо махуэщ

♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутIыпщащ

♦**1895 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Индрис**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Мухьэжид**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дэтхэнэ зы Iуэхутхьэбзэми бзыпхъэ иIэщ.

● МэкъумэшыщIэ IэнатIэм

Бэвагъышхуэкiэ узыщыгугъ хъунухэр

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIэныгъэлIхэм къагъэхъуа нартыху лъэпкъыщIэм и фIагъыр зыхуэдэр къыщапщытащ Прохладнэ районым и Комсомольскэ къуажэм мэкъумэш къэкIыгъэхэр щагъэунэхуу иIэ гъавэ щIапIэм. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, нартыхум гъавэ бэв къитащ икIи дунейм и щытыкIэм къихь зэхъуэкIыныгъэхэр зэран къыхуэхъуакъым.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и IэщIагъэлIхэр иджыпсту йолэжь нартыху лъэпкъыщIэу пщIым. Жылэхэр хасащ абыхэм щхьэкIэ щыIэ мэкъумэш-технологие мардэхэм тету икIи тхьэмахуэ зыбжанэ нэхъыбэ дэмыкIыу абы и процент 95-р щIы щхьэфэм кIыру къытеуващ. Уэгъу махуэхэм нартыхум псы куэду щIакIащ икIи къэкIыгъэхэм фIыуэ заужьащ.

КъБКъУ-м и кафедрэм и унафэщI Пэрыт Анзор зэрыжиIамкIэ, къэпщытэныгъэхэм нэхъыфIу зыкъыщигъэлъэгъуащ нартыху хужь гибридым, ди щIыналъэм къыщагъэкIхэр лъабжьэ зыхуащIар. Мы гъэ бжьыхьэм япэ гъавэр кърахьэлIэжынущ. ЗэкIэ къызэрабжамкIэ, ику иту къыдачыж хабзэм нэхърэ процентi 10 - 15-кIэ нэхъыбэн хуейщ а лIэужьыгъуэщIэхэм къатынур.

Хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIхэр

Мы гъэм фокIадэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапIэхэм къыщызэIуахынущ мэкъумэш-технологие класс зэпэщхэр. ХэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, УФ-м и мэкъумэш-промышленнэ комплексым щIэныгъэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырыным мыхьэнэшхуэ зиIэ и зы Iыхьэу щытщ а Iуэхугъуэр.

ИДЖЫРЕЙ пэхуэщIэр щылажьэр къэралым и щIыналъэхэм я экономикэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуэзыщIхэрщ. Ди республикэм мэкъумэш-технологие классхэр къыщызэIуахынущ Куба къуажэм и курыт еджапIэ №1-м, Кыщпэк, Красноармейскэ жылэхэм дэтхэм, Май къалэм и курыт еджапIэ №4-м.

Лэжьыгъэр щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI «Ерыскъым-кIэ шынагъуэншагъэр технологие и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщын» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

Абы и фIыгъэкIэ еджакIуэ цIыкIухэм Iэмал яIэнущ IэщIагъэ яхуэхъунум и щэхухэр къащIэну. А псом щхьэкIэ курыт еджапIэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэпэщауэ щытынущ, лабораторие къэхутэныгъэхэр, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри щрагъэкIуэкIыфын хуэдэу. ЕджапIэм къыщащIахэр лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыфуи щрагъэсэнущ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм яшэурэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

ГущIэгъу зыхэлъхэр зэхуотхэ



УФ-м и Президент Путин Владимиррэ США-м и Iэтащхьэ Трамп Дональдрэ Аляскэ хытIыгуныкъуэм щыщызэхуэзам щыгъуэ, Трамп и щхьэгъусэм ди Президентым тхыгъэ къэрыригъэтыжауэ щытащ, дзэ Iуэху хэхам и зэранкIэ лей зытехьэ сабийхэм къащхьэщыжыну къелъэIуу. Мелание и тхыгъэм пэджэжащ Тыркум и президентым и щхьэгъусэ Эрдоган Эминэ.

И АМЕРИКАН ныбжьэгъум и гупыжыр тегъэщIапIэ ищIри, тырку гуащэр дунейм тет цIыху мелуанхэм я гум къишхыдыкIащ. Трамп Мелание хуигъэхьа тхыгъэ зэIухам Эминэ щытотхыхь Палестинэм лажьэ зимыIэу щраукIыхь, нобэми гузэвэгъуэр зи псэм трамыгъэкI балигъхэмрэ сабийхэмрэ. «ЦIыкIухэм гущIэгъу яхуэпщIыр пэжмэ, сыту Палестинэм щраущэбыхьхэр умылъагъурэ?» - жиIэ хуэдэщ Эминэ-гуащэ. Ауэ ар хабзэмрэ щэныфIагъымрэ тету, щабэу, Iэдэбу, гум нэсын хуэдэу къеIуатэ.

«Украинэм щыщ сабий зеиншэхэм гущIэгъу зэрахуэпщIым дунейм цIыхуу тетым гугъэ къаретыж, - етх Эминэ. - Уи тхыгъэм къызэрыщыхэбгъэщащи, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми къыдалъхуащ фIыуэ къэзылъагъу цIыхухэм къаухъуреихьу, насыпым хэпсэукIын хуитыныгъэр. А хуитыныгъэр елъытакъым а сабийр къыщалъхуа щIыпIэми, лъэпкъми, динми, къэрал зэхэтыкIэми. Лей зытехьэхэм уакъыщхьэщыжыныр цIыхугъэм къалэну къегъэув».

Палестинэм нобэ иращIэр XXI лIэщIыгъуэм къэхъуну уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнтэкъым. Газэр щIым щыщ зэращIыжар яфIэмащIэу, иджы Iэщэм къелар мэжэщIалIагъэм ирагъэхь, псэухэмрэ сымаджэхэмрэ ядэIэпыкъуну хуей псапащIэхэм зекIуапIэ иратыркъым. Америкэм къызэрыкъуэгушхукIырщ зи цIэр къиIуэну узыщымэхъашэ Нетаньяху дяпэкIи увыIэну зыщIимыгъэхьэзырыр. Абы ищIыIужкIэ, «Палестинэм щыщхэр зауэ-банэм хрекI, мамыру гъунэгъу хьэрып къэралхэм ирeIэпхъуи щрепсэу» жызыIэ америкэн президентми фIыкIэ узыщигъэгугъыркъым. Армыраи XIX лIэщIыгъуэм Тыркум зи псэр зыхьа ди лъэпкъэгъухэм къащыщIар...

Эрдоган Эминэ игу къегъэкIыж илъэсих ипэкIэ Трамп Унэ Хужьым щригъэблэгъауэ зэрыщытар, абы щыгъуэ зыхищIа гуапагъэр нобэхэми игу зэримыкIыжар. АдэкIэ ар топсэлъыхь Мелание и тхыгъэр абы и гущабагъым и щыхьэту къызэрыувым. Апхуэдэ жэрдэм дунейм нэхъ лъэрызехьэу къыщалъытэ къэралым и щхьэгъусэм зэрищIам цIыхухэм я гум гумащIагъ къызэрыщигъэушыр къыхегъэщ.

«Уэ пщIа гукъэкIым зэкIэщIэча хъуа адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ гугъэшхуэ ярет. Шэч къытесхьэркъым Украинэм щыхэкIуэда сабий 648-м яхуэпщI гущIэгъум хуэдэ дыдэ Газэм гущIэгъуншэу щаукIа цIыху мин 62-ми, абыхэм ящыщ сабий мин 18-ми зэрахуэпщIынум», - етх Эминэ.

Газэм щекIуэкI гузэвэгъуэм и инагъым щытепсэлъыхькIэ, тырку гуащэм игу къегъэкIыж ООН-м ЮНИСЕФ и Сабий фондым абы «щIым тет сабийхэм я жыхьэнмэ», «щIы щIагъым щIэт сабий кхъэлъахэ» цIэхэр зэрафIищар.

«Зауэм хэкIуэда зауэлIхэм щхьэкIэ къагъэсэбэпу щыта «сэлэт мыцIыху» псалъэхэр зи цIи зи щхьи къахуэмыщIэ сабийм хуахьыну зэгуэр уигу къэкIынт? - етх Эрдоган Эминэ. - Нобэ «сабий мыцIыху» псалъэхэр Газэм щыщ хьэдэ минхэм я джэбынхэм ятетхащ, Iыхьлыи благъи къызыхуэмына, зи цIэр ямыщIэж а цIыкIухэм къащыщIар ди цIыху напэм уIэгъэ хьэлъэу телъщ. ГуфIэкIэ зыщыгъупщэжа, зи гур иракъутыхьа а гупыр микрофонхэм къокIие, зыпэмылъэщ зауэм и бэлыхьыр зэрахуэмыхьыжым къыхэкIыу, лIэныгъэм зэрыщIэхъуэпсыр жаIэу. Хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ, зеиншэ зэрыхъуам, шынэмрэ бэлыхьымрэ зэрахуэмыхьым къыхэкIыу, зи щхьэцхэр тхъуа сабийхэр щалъагъу Газэм. Украинэм и закъуэкъым цIыкIухэм я дыхьэшх макъыр къыщымыIужыр. Мыхьэнэшхуэ иIэнут Израилым и премьер-министр Нетаньяху Биньямин Газэм щекIуэкI гуманитар гузэвэгъуэм кIэ иритын щхьэкIэ зыхуэбгъэзэным.

Дуней псор къэушыным нэсауэ, Палестинэм къэралыгъуэ етын зэрыхуейм щыщIэкъу мы лъэхъэнэм уэ пхуэдэ цIыхур Газэм къыщхьэщыжамэ, ар палестинэ цIыхубэм я пащхьэм щытхь жэуаплыныгъэм и щыхьэту къэувынут. Дэ къыттохуэ дунейпсо хабзэм и щыщIэныгъэхэр дызэкъуэту зэдгъэзэхуэну».

АдэкIэ Эрдоган Эминэ и тхыгъэм къыщыхегъэщ Палестинэм щекIуэкI Iуэхур лъэпкъгъэкIуэд къудейм къызэрыщымынэр. ЦIыху щхьэхуэхэм пщIэрэ мылъкурэ яIэрыхьэн папщIэ, адрейхэм я псэр ятын хуейуэ зыгъэзахуэ хабзэншагъэр хабзэ зэрыхъуам и нэщэнэщ абдежым къыщыхьур. А зэхэтыкIэ пхэнжыр дывмыгъадэ, жыхуиIэу, Эминэ пещэ: «Сабий щхьэхуэхэм я гъащIэм и уасэр адрейхэм ейм нэхърэ нэхъ лъапIэу зыгъэув а Iуэху зехьэкIэ пхэнжым цIыху псори дыпэщIэувапхъэщ. Дэ ди къалэнщ дунейм ипэкIэ щагъэува хабзэ пэжым дытетыну, ар цIыху зи цIэми пэдубыдын хуейщ. Абы щыгъуэщ ди ужь къиувэнухэм нобэ ди нэкIэ тлъагъу гущIэгъуншагъэм къелыну гугъэ щеттыфынур. Абы щыгъуэщ зи дыхьэшх макъыр ужьыха сабийхэм я гум гуфIэгъуэ итлъхьэжу, мамырыгъэ быдэ щыдухуэнур. Анэу, бзылъхугъэу, цIыхуу сызэрыщытым къыхэкIыу, уи тхыгъэм къыщыпIэта гурыщIэ псори кууэ зыхызощIэ. Сыщогугъ гупсэхугъуэмрэ мамырыгъэмрэ хуэзэша Газэм щыпсэу сабийхэм апхуэдэ дыдэу гумащIэу уахущытыну. Газэм щаукIа сабий 18885-ми, шэ 335-рэ зраутIыпща Рэджа Хинди, и адэшхуэм ба къыхуищIыжу зи нэхэр зэтезыпIэжа, илъэсищ фIэкIа мыхъуа Рими зыри яхуэтщIэжыфынукъым. Ауэ иджыри Iэмал щыIэщ зи псэ Iут сабий мелуанхэр къедгъэлыну».

Кхъуейлъалъэ зыдэлъ хьэлывэхэр

Дызэрыт илъэсым илъэси 110-рэ ирикъуащ совет кинематографым лъагъуэ купщIафIэ щыпхызыша актёр Зельдин Владимир. Адыгэ цей щыгъыу, ар «Кхъуахъуэ хъыджэбзымрэ мэлыхъуэмрэ» фильмым зэрыщыджэгуар зылъэгъуахэм нобэми я фIэщ яхуэщIыркъым журт щIалэр Кавказым щымыщу. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщытрахар Iуэхум хэплъхьэжмэ, Зельдиныр дигу къыщIэдгъэкIыжын щхьэусыгъуэ ди мащIэкъым.

ГЪАЩIЭ кIыхькIэ Тхьэр къызэрыхуэупсам нэмыщI, Зельдиныр жьыщхьэ махуи хъуащ. Илъэси 101-рэ хъуа нэужьи, актёрым иджыри къару иIэт сценэм ихьэу, цIыхухэр къыдихьэхыфыну.

Тамбов областым хыхьэ Козлов къалэрщ ар дунейм къыщытехьар. И сабиигъуэм щытепсэлъыхьыжкIэ, Зельдиным нэхъ гукъинэж, уеблэмэ гукъутэ щыхъуа сурэту и нэгум къыщIэнащ езыр щыпсэуа къалэм журтхэр къыщрахуэкIыу зэрыщытар. «КхъыIэ, сывгъэпщкIу!» - жиIэу, и адэм и пащхьэм лъэгъуажьэмыщхьэкIэ щетIысэха цIыхубзыр и нэгум щIэкIыжыртэкъым. И сабийхэм макъ къамыгъэIуну унафэ хуащIу, ар хадэм зэрыщагъэпщкIуари, и адэм екIуу зихуапэу, хъыджэбзым къыкIэлъыжэхэм зэпIэзэрыту, зыри имылъэгъуаифэу жэуап зэраритари щыгъупщэжыртэкъым. Апхуэдэ дакъикъэхэрщ сабийм цIыхугъэ щызыхилъхьэр. Езыми, музыкэм хуеджэн къудей папщIэ, чыристан диныр къиищтэри, зэхъуапсэ щIэныгъэр зригъэгъуэтауэ щытащ - апхуэдэ хуитыныгъэ журтхэм иджыри яIэтэкъым.

Гугъуехь куэдым пхыкIа актёрым и гупсысэм щытригъакIуэрт сыт хуэдэ зэмани фIыуэ илъагъу IэнатIэм зэрыпэрытар. Граждан зауэми, Хэку зауэшхуэми, Перестройкэми хиубыдащ ар. Илъэс пщыкIуплIым - и адэр, илъэсищ дэкIри - и анэр фIэкIуэдат. ИтIани, фIыуэ зэрылъагъу, сабийхэр хуабагъымрэ зэхущытыкIэ гуапэмрэ щызымыгъащIэ цIыхухэм зэрапIам къару къыхих зэпыту апхуэдэт. Уэрэдымрэ макъамэмрэ щымыужьых унагъуэ насыпыфIэм къызэрыщыхъуар арагъэнщ гъащIэ гъуэмылэ хуэхъуар.

Къытебгъэзэурэ уеджэжыну гъэщIэгъуэнщ Зельдиным илэси 100 щрикъуам щыгъуэ, Ярошенкэ Виктор иритауэ щыта интервьюм. АдэкIэ къакIуэр абы щыщ пычыгъуэщ:

- Сэ сысовет цIыхущ. Зэи хуэкъулейуэ дыпсэуакъым, абы уеблэмэ икIи дыщIэхъуэпсакъым. ЗэкъуэшитIрэ зэшыпхъуитIрэ дыхъурти, сыт нэхъ IэфI дыдэу унагъуэм щыпIухуар жаIэу зыгуэр къызэупщIмэ, ар ди анэм кхъуейлъалъэ дэлъу тхуищI хьэлывэхэрт. Си бзэгупэр нэхъ шхыныгъуэ IэфIу игъащIэм зэIусари си анэм и Iэм къыкIэрына кхъуейлъалъэрщ.

IэщIагъэр къапщтэмэ, си ролхэр зэщхьэщыкI щхьэкIэ, псоми къаIуатэр зыщ. Театр училищэр къыщызухым, нэхъ къызэхъулIэну ролхэм тепсэлъыхькIэрэ, си егъэджакIуэм къызжиIат: «Лъагъуныгъэм итхьэкъуа щIалэхэм я ролыр фIы дыдэу пхуэгъэзэщIэнущ». Си нэгу къыщIыхьэж роль псоми пщащэм фIыуэ зэрыслъагъур и фIэщ щысщIын хуей хъурт. Лъагъуныгъэ зыхомыщIэр гугъущ къэбгъэлъэгъуэну. Уэ уи фIэщ мыхъур къоплъым игу дыхьэну? Ауэ къызэхъулIэрт зыгуэру. Дауэ ухуейми щIыи, бзылъхугъэр цIыхухъум и псэщ, фIылъагъу къэIуэтэкIэри хьэл пхуэхъун хуейщ.

«КъафэмкIэ егъэджакIуэ» си япэрей спектаклыр сигу къинэжащ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт зауэм къыхэкIыжа къудей мэзкуудэсхэм Лопе де Вегэ и сатыр гъуэзэджэхэр я пащхьэ къипхьэу. ЦIыхухэр дахагъэм хуэзэшат. Илъэс плIыщIкIэ утыку дыкъихьащ ар къэдгъэлъагъуэу. Ари Дзэ плъыжьым и театрым. Хэти хуэдэу, сэри къысхуихуащ роль щызимыIэ, лэжьыгъэ къыщызамыт. Апхуэдэ защIэу пIалъэфI есхьэкIауэ, илъэс 80-ми сыщIигъуауэ, Гусман Юлий къызоджэ «Ламанчи щыщ цIыху» спектаклым сыхигъэхьэну, Дон Кихот и ролыр згъэзэщIэну. Гурэ псэкIэ сыщыгуфIыкIат. Дон Кихот хьэлкIэ сытехуэу къысфIощI сэ. Ролхэм куэдрэ утепсэлъыхьыфынущ, ауэ нэхъыщхьэр сыт? Ахэр мэкIуэдыжри, уэ езым уи цIыху щIыкIэр къонэ. Си гугъэмкIэ, а си «роль нэхъыщхьэм» зихъуэжакъым: зи лъэпкъымрэ зи Хэкумрэ фIыуэ зылъагъуж цIыху къызэрыгуэкIыу сыкъэнащ. Урысейм фIэкIа зыщIыпIи сыщыпсэуфынутэкъым.

Нэхъыбэм сыкъызэрацIыхур «Кхъуахъуэ хъыджэбзымрэ мэлыхъуэмрэ» фильмырщ. Абы, уеблэмэ, си гъащIэр къиихъумащ. 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм фильмыр тетхыу Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщыIэт, Теберда и Iэгъуэблагъэм щыхъуакIуэ мэлхэм дахэту. Псори зэбгрыкIыжри, сэ Минводы къалэм къыщытIысын хуей кхъухьлъатэм сежьэу сыкъэнащ. Кхъухьлъатэр къакIуэркъым, диспетчерым: «СщIэркъым, Мэзкуу жэуап къыдитыркъым», - жи. Бэзэрым докIуэри, Молотовым и макъыр радиом къоIукI: зауэ къэхъеящ. Билетхэр еттыжри вокзалым дыкIуащ. Зыгуэру мафIэгум драгуэри, Мэзкуу дашэжащ, апщIондэху зауэм сыдэкIын хуейуэ тхылъымпIэ къысхуэкIуауэ къыщIокI. АрщхьэкIэ махуищ дэкIри, къедгъэжьа фильмыр нэдгъэсыну унафэ къытIэрыхьащ. Фильмыр техын щыдухар дапщэщ жыпIэмэ, Мэзкуу къебгъэрыкIуа нэмыцэхэр щрахужьэжа махуэхэрщ.

Илъэсищэ ущрикъукIэ, гъащIэм уемыгупсысыпIэ иIэкъым. Фигу хэзгъэщIыну сыхуейкъым, ауэ ар псынщIащэу, гу лъумытэххэу блолъэт. Мыхьэнэ зиIэ Iуэхум тегъэкIуэдэн хуейщ гъащIэр. Сыт щыIэм я нэхъыфIыр? Лъагъуныгъэрщ! Инықъуэхэм гъуэбжэгъуэщым ещхьу блэлъэт хъуапсэ кIэщIыр лъагъуныгъэм хагъэзэрыхь, ар щыуагъэщ. ЛъагъуныгъэкIэ узэджэну зыхуэфащэр зэфэзэщу гухэлъ къабзэщ, ар зыхуэгъэза цIыхур куэдрэ умылъагъу пэтми, уи нэгум къыщыщIыхьэкIэ, уи гур къыхуилъэтыкIыу.

«КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэхэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща артист икIи пшынауэ Iэзэ, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъахэм, аунэтIыныгъэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщ Къэжэр Индрис Прималкэ районым хыхьэ Алътуд къуажэм 1895 гъэм фокIадэм и 5-м къыщалъхуащ.

ПАЩТЫХЬЫМ и зэман бзаджэм зэрыхиубыдамрэ къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэ къызэрыхэкIамрэ Индрис Iэмал къратакъым щIэныгъэ зригъэгъуэтыну. Ауэ, абы и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIащ икIи куэдкIэ къыхуэщхьэпащ и адэ Мыхьэмэт щIалэм и зэхэщIыкIым зыгуэркIэ зригъэужьын мурадкIэ къыхуищэхуа пшынэм.

Пасэу пшынэр Iэпэгъу зыхуэхъуа Индрис и гурыхуагъэм и фIыгъэкIэ пшынауэ Iэзэ хъуащ. И цIэмрэ и зэфIэкIымрэ щыIум, нэгъуэщI жылэхэми щекIуэкI хьэгъуэлIыгъуэхэр, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр игъэдэхэну щIалэр ирагъэблагъэу щIадзащ. Абыхэм щызэхих уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ гукIэ зригъащIэурэ и пшынэм къригъэкIырт, языныкъуэхэр и макъамэм дежьууэжурэ жиIэрт.

Индрис и ныбжьыр илъэс 22-м иту, Октябрь революцэмрэ Совет властымрэ гуфIэу IущIащ, и пшынэр иIыгъыу, и къару илъыгъуэу. Абы и зэфIэкIым нэхъыбэу зыщиужьар совет зэманырщ. «ЗэгуакIуэр дахэщ», «Залымыгъэ» и уэрэдхэм а зэманым мыхьэнэшхуэ яIащ.

Индрис къыщалъхуа Алътуд къуажэм Щэнхабзэмкiэ и унэм уэрэджыIакIуэ гуп 1929 гъэм къыщызэригъэпэщащ, езыр и унафэщIу. Абы игъэзащIэу щытащ Къэжэрым и уэрэдхэри нэгъуэщIхэм яусахэри.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом пшынауэу икIи уэрэджыIакIуэу Къэжэр Индрис 1931 гъэм, ирагъэблэгъащ. КъэфакIуэ-уэрэджыIакIуэ гупыр къыщызэрагъэпэщым, хыхьэри зауэм кIуэуэ дунейм ехыжыху абы щылэжьащ. А гъэ дыдэм, 1931-м бгырыс лъэпкъхэм гъуазджэмкIэ я япэ Къэбэрдей-Балъкъэр олимпиадэм хэтащ пшынауэ цIэрыIуэхэу Къашыргъэ КIурацэ, Къэжэр Индрис, Казиев Билал сымэ.

ЩIэныгъэ имыIэу езырезыру къэхъуа пшынауэу, усакIуэу, уэрэджыIакIуэу щытами, Къэжэр Индрис цIыху Iущт, зэфIэкI зыбгъэдэлъти, и псалъэми макъамэми цIэрыIуэ ящIащ. Абы Iэзагъышхуэ хэлъу и пшынэмкIэ игъэзащIэм къыщымынэу, езым къафэ, ислъэмей зэхилъхьэу щытащ. Псалъэм папщIэ, сыт и уасэ ноби ягъэзащIэ «Индрис и къафэ» дахэр!

Iэзагъ ин хэлъу абы псалъэхэр зэригъэкIуурэ гукIэ зэхилъхьэрт, пасэрей джэгуакIуэхэм хуэдэу. И уэрэдхэм макъамэ дахэхэр дэщIыгъуу гум къыбгъэдэкI макъ щабэкIэ игъэзащIэрт, и пшынэм дежьууу. Индрис и уэрэдхэмкIэ хабзэ мыхъумыщIэхэм пэщIэтт, щIэм щытхъурт, цIыхубэм я ехъулIэныгъэхэр игъэIурт, бэнэныгъэмрэ текIуэныгъэмрэ къыхуриджэрт.

Къэжэр Индрис артистыфI, уэрэдус, пшынауэ Iэзэ къудейтэкъым, ар икIи дэрбзэр IэкIуэлъакIуэт. Къэзышэну щIалэхэмрэ яшэну хъыджэбзхэмрэ фэилъхьэгъуэ дахэхэр, фащэ екIухэр яхуидырт. Уеблэмэ жаIэрт Индрис фащэ зыхуид щIалэм нэхъ зызыгъэпагэ хъыджэбзри къыдэкIуэну. Апхуэдэ дыдэуи жаIэрт фащэ дахэ зыхуида хъыджэбзым зыхуей щIалэр къыдихьэхыфыну.

КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж цIэрыIуэ Нало Заур игу къигъэкIыжырт: «Къэжэр Индрис артистышхуэт, пшынауэ Iэзэт, ди республикэм и зы къуажи щыIэу къыщIэкIынкъым ар зрамыгъэблэгъа, тешанкIэкIэ здамыша хьэгъуэлIыгъуэрэ нысашэрэ. Индрис гуфIэгъуэхэр игъэдахэрт, гукъинэжу иригъэкIуэкIырт. Нэхъыщхьэращи, щIыхьышхуэрэ пщIэрэ къыхуащIу щытащ».

Совет властыр мыхъуамэ, Индриси Агънокъуэ Лашэ хуэдэу джэгуакIуэу е пшынауэу къэнэжынкIи хъунт. Ауэ, яухуа гъащIэщIэм и фIыгъэкIэ абы и зэфIэкIым зригъэужьащ. Ар цIыхубэм ягу къинэжащ пшынауэ Iэзэу, уэрэджыIакIуэ гъуэзэджэу, усакIуэфIу.

1941 гъэм фокIадэм и 3-м Къэжэр Индрис ансамблым хэкIри Хэку зауэшхуэм кIуащ. ЩоджэнцIыкIу Алийрэ абырэ бийм гъэр ищIахэм яхэхуэри, Бобруйск щыIэ нэмыцэIуэм ирадзащ икIи а илъэс дыдэм и щэкIуэгъуэ мазэм концлагерым шхын щхьэкIэ илIыхьащ. А щIалэхэм мызэ-мытIэу къыхуагъэлъэгъуат нэмыцэхэм я лъэныкъуэ защIу яхуэлэжьэну арэзы хъумэ, офицер къулыкъу, лэжьапIэфI кърагыну. Ауэ тIуми ядакъым я Хэкум епцIыжыну. Апхуэдэ нэмыцэIуэм щыкIуэдащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Уэзджынэр япэу къызыхуеуахэр

ФокIадэм и 1-м гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзыру и бжэхэр гуапэу зэIуихащ Налшык дэт курыт еджапIэ №7-м. ЩIэныгъэм и махуэм абы япэ дыдэу еблэгъащ пэщIэдзэ классым щIэтIысхьа сабии 152-рэ.

МАХУЭШХУЭР ягъэлъапIэу къэралымрэ республикэмрэ я ныпхэр лъагэу яIэтащ. А къалэныр дзыхь хуащIащ 10-нэ классым щеджэ Берычэт Дамиррэ Гузеевэ Iэминэрэ. Ныпхэр яIэта нэужь, Урысейм и къэрал гимныр жаIащ курыт еджапIэм зи щыпэкIуэхэм. Апхуэдэу, япэ классым щIэтIысхьахэр гъэхуауэ къеджащ тхэным, еджэным, бжыгъэхэр гъэныбжьэгъуным зэрыхуэхьэзырым щыхьэт техъуэ усэхэм. Класс нэхъыжьхэм щеджэхэу Балэ Аделинэрэ Тамаевэ Элинэрэ уэрэд жаIащ, епщкIузанэ классым щеджэхэм школым кIуагъащIэхэр кърагъэблагъэу тыгъэхэр иратащ.

- Нобэ ди къэралым щагъэлъапIэ махуэшхуэ. Мыр щIыхь зыхуащI, зи мыхьэнэр ялъытэ, куэдкIэ дызыщыгугъ махуэщ. Зи еджапIэ кIуэгъуэ хъуа цIыкIухэр япэу къыдыхьащ ди пщIантIэм, япэу щIыхьэнущ класс хуитхэм, - жиIащ курыт еджапIэм и унафэщI Хъарзынэ Заур икIи гуапэу захуигъэзащ еджакIуэхэм:

- ЦIыкIухэ, фэ нобэ япэ дыдэу еджапIэм фыкъэкIуащи, фхуэфIыну сынывохъуэхъу. ФIыуэ феджэ, тхылъыр вгъэныбжьэгъу, егъэджакIуэм федаIуэ. Фи щIыбагъым къыдэт щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ епщыкIузанэ классым щеджэхэрщ. Ди еджапIэм и хабзэхэм фытетмэ, щIэныгъэм жану зефпщытмэ, фэри абыхэм хуэдэу губзыгъэ икIи екIу фыхъунущ!

ЕпщкIузанэ классым щеджэхэм еджапIэ унафэщIым яжриIащ нэхъыщIэхэм щапхъэ яхуэхъуну, еджэным щIакъуэну, къапэщылъ экзаменхэм хуэмыбэлэрыгъыну.

Налшык къалэ администрацэм и лIыкIуэу махуэшхуэм ирагъэблэгъат Мамхэгъ Велимир. Ар адэ-анэхэм ехъуэхъуащ я бынхэм щIэныгъэфIкIэ ягъэгуфIэну, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ - гъэ еджэгъуэщIэр щIэщыгъуэ ящыхъуну. Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым къыбгъэдэкIыу къэпсэлъащ Мамбэт Рузаннэ.

2025 гъэм и япэ школ уэзджынэр кърагъэуащ епщыкIузанэ классым щеджэ Курж Ислъамрэ пэщIэдзэ классым щIэтIысхьа Кунэвэ Iэминэрэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Хьилагъэр зауэлI Iэмалщ

Зэи узыхуэмыза цIыхум и гум илъыр къозыгъащIэ нэщэнэхэм язщ абы и тхэкIэр. Телефоныр тхылъымпIэмрэ къэрэндащымрэ я пIэ зэриувэрэ, ар нэрылъагъу хъупащ. А гупсысэр IэщIагъэ зэхэгъэкIыпIэ щыхъум деж, япэу узэгупсысыр щIэныгъэлIхэрщ, псом хуэмыдэу лъэпкъым и блэкIамрэ и нобэмрэ ди нэгум къыщIэзыгъэувэ тхыдэджхэрщ.

А ПСОР жыдэзыгъэIэр Гумилев Лев и цIэр зезыхьэ центрым и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Остахов Анзор «Адыгэхэм зауэм къыщагъэсэбэп хьилагъэ Iэмалхэр» зыфIища и тхыгъэрщ. ЩIэныгъэлIым абы щызэпкърех пасэ зэманым псэуа ди лъэпкъэгъухэм бжыгъэкIэ нэхъыбэ бийхэм зэратекIуэн хэкIыпIэу къагъэсэбэпахэм. Мамыр гъащIэм хьилагъэу къыщыпфIэщI, ауэ щыхъукIэ, зи псэр зыхъумэжым дежкIэ акъылыфIагъыу къыщIэкI защIэщ Анзор тхуэзэпкърихыр. «КъарукIэ узыпэмылъэщынум укъызэрелын нэгъуэщI Iэмал щыщымыIэм деж, апхуэдэ хэкIыпIэ къызэрыпхуэгъуэтыр зауэлI Iэзагъщ», - аращ тхыдэджым и тхыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыкIуэцIришыр. Иджыри зы илъэскIэ тпэIэщIэ хъуа Къэнжал зауэм адыгэхэм щызыIэрагъэхьа текIуэныгъэри апхуэдэ зыбжанэм я фIыгъэу арат.

Тхыдэджыр и IэщIагъэм хуэIэижьу жыпIэн щхьэкIэ, щытыкIитI дэплъагъун хуейуэ худогъэфащэ. Зыр - пэжымрэ пцIымрэ хузэхэгъэкIыныр. ЕтIуанэр - езым къыгурыIуамрэ къищIамрэ цIыхухэм бзэ тыншкIэ зэрабгъэдилъхьэжыфыр. ЩIэныгъэлIу щымыт цIыху къызэрыгуэкIым дежкIэ уэршэрыбзэм пэгъунэгъуу къэIуэтэжа хъуа хъыбарыр куэдкIэ нэхъ гукъинэжщ, «мыр сэ нэхърэ нэхъ губзыгъэщ» жыуигъэIэн мурадкIэ зэкIэлъыхьа псалъэуха гугъу гупым нэхърэ. Остаховым и тхыгъэр а лъэныкъуэмкIэ фIыкIэ дгъэунэхуащ. Зы тхыгъэкъым, тIукъым Къэнжал зауэм теухуауэ ятхари кърахтыкIыжари. Ауэ адыгэхэр зэрытекIуар нэгущIэт сурэт зытIущкIэ къызэрагъэлъагъуэм фIэкIа, зэрызэхэт Iыхьэ къэс гурыIуэгъуэу зэпкърыхауэ абы тепсэлъыхьыфыр мащIэщ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ тхыдэм и напэкIуэцIхэри нэхъ нэгъэсауэ тщIэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Псом хуэмыдэу, ар дигу къэдгъэкIыжыну къыщыттехуэ махуэхэр къыщыблагъэкIэ.

«Хьилагъэм и Iыхьэфl зыхэлъ адыгэ зауэлIым и IэкIуэлъакIуагъымрэ хъыжьагъымрэ я щыхьэту къоув 1708 гъэм екIуэкIа Къэнжал зауэзэрылIыр, - етх Остаховым. - Дунейпсо мыхьэнэ зыгъуэта тхыдэ Iыхьэ хъуат ар Къэбэрдейм дежкIэ. Дзэ хьилагъым и закъуэщ бжыгъэкIэ къатекIуэ къэрымыдзэм адыгэхэр тезыгъэкIуар».

1708 гъэ. ЗауэлI мин 44-м нэс Къэбэрдейм къэзыша Къаплъэн-Джэрий Балъкъ псыхъуэм, Къэнжал бгым и лъапэм деж хэщIапIэ щызэригъэпэщащ. Адыгэхэм япэщIыкIэ икIуэтаифэ зытрагъэуащ, Остаховым зэрыжиIэмкIэ. Я къарухэр зэрагъэуIун, бийм щытеуэну пIалъэр нэхъ хуиту къыхахын папщIэ, абыхэм Къаплъэн-Джэрий зэгурыIуэныгъэ иращIылIэн щIадзащ, зыхуейрати - ягъэбэлэрыгъащ.

ИужькIэ епцIыжакIуэу фэ зытезыгъэуа адыгэ зыбжанэ къэрымхэм я деж ягъакIуэ, и чэзур къэсмэ, дзэпщхэмрэ дзэзешэхэмрэ яукIын къалэныр я пщэм дэлъу. ЩызэгурыIуа пщыхьэщхьэм къэбэрдеидзэр щэхуу къэрымыдзэм и хэщIапIэм йокIуалIэри, къаухъуреихь. Къэбэрдей лъэсыдзэм и ныкъуэр бийм и пщыIэхэр зыкIэщIэт Къэнжал Iуащхьэм докIуей, шуудзэм и гупэм шыд 300 ирагъэувэ, дэтхэнэ зыми и бгъуитIым сагъызым пхылъэфа хьэуазэ кIэрыпхауэ.

ПIалъэр къызэрысу, шыдыплIэм илъ хьэуазэм мафIэ щIадзэ, якIуэцIыуэм, еIунщIым, фоч щхьэщагъэукIыурэ ягъащтэри, жейм хилъэфа кърым уэтэрым траутIыпщхьэ. Арати, псэущхьэ гужьеяхэр зэщIэгъуахъуэу зытелъэда хэщIапIэм цIыхухэри, ахэр зыщIэлъ пщыIэхэри щызэрагъэдзэкIыу, мафIэ зыщIэнэнкIи хъуну псори лыгъейм зэщIищтащ.

Абдеж дыдэм Къэнжалыщхьэ тетхэм хэти мывэшхуэхэр къреутIыпщхьэх, хэти шабзэшэкIэ къахэуэн щIедзэ. Кърым уэтэрым щекIуэкIыр узижагъуэн и махуэт. КIий макъымрэ мафIэмрэ ягъэгужьея езыхэм яшхэр щIэпхъуэри, зей куэд зэхапIытIэжащ. ЕпцIыжакIуэу фэ зытезыгъэуа адыгэу кърым хэщIапIэм щыIэхэм дзэпщхэр зэтраукIати, кърымыдзэм унафэ къахуэзыщIын къахуэнэжатэкъым. А гужьеигъуэм и курыкупсэм адыгэ шуудзэр яхэлъадэри, биидзэм лъыкIпсыкIыр къахуигъэкIуащ. Де Ла Мотрэ Анри зэриIуэтэжымкIэ, а махуэм «цIыхушхуэ зэхаупщIэтащ». Къелыну Iэмал зиIа кърымхэри апхуэдизкIэ гужьеяти, лъэныкъуэкIэ задзым бгым щыхухэурэ зэшэзэпIэу иукIахэщ. Бийм и зауэлI мин 30-м нэс щызэтриукIащ Къэнжал зауэм къэбэрдеидзэм.

Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Остахов Анзор Минводы къалэм 1983 гъэм, дохутыр унагъуэм дунейм къыщытехьащ, фIы дыдэу еджащ. Псыхуабэ дэт техникэмкIэ университетымрэ абы и аспирантурэмрэ къиуха нэужь, а еджапIэ дыдэм хэт, Урысей къэралыгъуэм и щIыналъэхэм щызэIумыбз Iуэхугъуэхэм елэжь институтым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. Дызэрыт зэманым Кавказ Ищхъэрэ къэрал университетым (СКИФУ) хэт Туризмэм, сервисымрэ дизайнымкIэ и институтым щолажьэ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ



ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ**

Хъадыжэ и лъагъуэ

Хъадыжэ-гуащэ икъукIэ цIыху губзыгъэт, дахэт икIи нэмыс зиIэ цIыхубзт. Езыр Тамбий и къуэ Къэбардэ и щуIэгъэт. Махуэм Тамбий и къуэ Къэбардэ зекIуэ ежьащ, шу зыхыбл дэщIыгъуу, мазэ зыщыплIкIэ къэтыну, гъуэмылэ яхурикъуни яIыгъыу. ЗдэкIуа Iуэхури къайхъулIауэ, щыбэри къахури, Шэджэм мэзыпщэм къурш икIыгъуэм деж къэсыжауэ, зэхэпсыхащ. Арат мылъку къахьыр щагуэшыр.

Абдеж загъэпсэхуу зэхэсу, ефэ-ешхэху, гупым къахэхъыжьащ я унэгуащэхэмкIэ баз зэпихьэну:

- Дунейм темыт щIасэлI зымыдэн фыз, уи фIэщу яужь уихьэмэ, - жаIэ хъуащ.

Къэбардэ идакъым:

- ЦIыхухъу лъэпкъым ящыщу зыри щыIэкъым си фызыр къэзыгъэпцIэн, - жиIэри.

И гъусэ ермэлы щIалэ гуэр къэтэджри, гуп зэхэсым яжриIащ:

- Сэ баз сыпохьэ Къэбардэ.

А тIур баз зэпихьащ. Къэбардэ и фызыр къигъапцIэмэ, Къэбардэ жыгым ирапхыу яукIыну. Ермэлы щIалэм ар хузэфIэмыкIмэ, езыр яукIыну. Баз тхIийуэ апхуэдэ щIыкIэкIэ зэпихьащ. Ермэлым жриIащ:

- НтIэ, сэ абы секIуалIэрэ семыкIуэлIарэ сыткIэ уи фIэщ сыхъуну? - жиIэри.

Къэбардэ къыжриIащ:

- Ар си фIэщ зэрыхъунур мыращ: а си унэм щIэс Хъадыжэ дамыгъэ гуэр тельщи, ар къызжепIэжмэ, итIанэ си фIэщ хъунщ.

- Хъунщ, - къыжриIэри, ермэлы щIалэр Хъадыжэ-гуащэм деж кIуащ.

А зэманым Тамбийхэ Чыщпэч псыхъуэ дэст. Ермэлы щIалэр Къэбардэм и хьэщIэщым щепсыхащ. Щхьэусыгъуэ зыбжанэ къригъэкIуэкIащ, Iэнэ къыхуэзыхьа хъыджэбз пщафIэр нэсэIуасэ къищIащ, ахъшэ, дыщэ иригъэлъэгъуащ икIи жриIащ:

- Мыхэр уэстынщ, Хъадыжэ-гуащэ сыгъэлъагъу, сегъэпсалъэ. Ауэ ар абы къыхуидакъым, «схузэфIэкIынукъым» жиIэри.

Щымыхъум, етIуанэу елъэIуащ:

- АтIэ хэт хузэфIэкIыну пщIэрэ? - жиIэри.

Хъыджэбз пщафIэм къыжриIащ:

- Мис мо ди гъунэгъу фызыжь атэлыкъым хузэфIэкIынщ.

Ермэлы щIалэр пщыхьэщхьэм фызыжьым и деж кIуащ, фызыжьми дахэ къыжриIащ, Iэнэ къыхуищтащ. Ермэлы щIалэми фызыжьым псалъэ дахэ, «Си анэм ухуэдэщ», - жриIащ. И жыпым иIэбэри, бостей кърищэху, жери, дыщэ тумэн иритащ.

Сытми, фызыжьыр къыдихьэхри, Iуэху щIэкIуари жриIащ:

- Дыщэ ахъшэ уэстынщ, упсэуху пхурикъуну, Хъадыжэ-гуащэ сыгъэлъагъу.

- Тамбий и къуэ Къэбардэрэ сэрэ баз дызэпихьащ, фIыуэ дызэрылъагъуу щытти, Хъадыжэ-гуащэ и щIыфэ умылъагъун, жери. Сэри ар сымылъэгъуауэ дунейм сытемытын, жысIэри псалъэ быдэ жысIащи, сынолъэIу, си анэ, зы Iэмал гуэркIэ сыгъэлъагъу, сэ уэстынущ ахъшэ куэд, узыхуейр кърипщэхуну, - жеIэри ермэлы щIалэр йолъэIу фызыжьым.

Сытми фызыжьыр къыдехьэхри, фызыжьыр Хъадыжэ-гуащэ и деж макIуэри жреIэ:

- Жан зиусхьэн, дотэ сымэ къэсыжауэ, шыбэр къахуауэ мобы хуэдэ егъэзыпIэм щызэхэсщ, и гъусэ щIалэ къигъэкIуащ гъуэмылэ, фадэ жиIэри. Ныжэбэ къэсыжынущ, уэ ар зэрежьэрэ зыптIэщIу пIэ кIуэцI уигъэулъхьакъым. ЩIэхыу зыгъэпскI, уи щхьэри къабзэу хущI, - жери гуащэм жреIэ фызыжь атэлыкъ зыпIам.

Сытми, ирегъадэр игъэпскIыну. Псы лэгъуп егъэхуабэ фызыжьым. МыдэкIэ ермэлы щIалэр, кIыфIщи, щигъэпскIыну унэм и лъэщIэсым щIегъэтIысхьэ. Жьэгум псы лэгъупыр дэтщ, тасыр къыщIехьэри, жьэгум и деж егъэув. Щэху уэздыгъэр пегъанэри, гуащэр тасым ирегъэтIысхьэ, чэсейфэху джанэр къыщех.

- Зыгуэрым си щIыфэр къебгъэлъагъунщ уэ, - жреIэ гуащэм.

Фызыжьым арджэн къещтэри, тасышхуэм кърешэкI.

Гуащэр тасым исщи, фызыжьым шынакъкIэ псы хуабэ трекIэ. Арыкъ сабынкIэ егъэпскI, къигъэтэджмэ, игъэтIысыжурэ. МыдэкIэ ермэлы щIалэр лъэщIэс Iупхъуэр къиIэтщ, къыщIэплъри, гуащэм и щхьэцышхуэр, и щIыфэ хужьыр, и быдзхэр зэрилъагъуу, дамыгъэу и блэгъукIитIым я зэхуакум хьэмцIракIэ, анэл хуэдэу дэтти, ар зригъэлъэгъуащ.

Сытми, ермэлы щIалэм, Хъадыжэ-гуащэм и щIыфэ хужьым дамыгъэу и блэгъукIитIым телът хьэмцIракIэри, ар зригъэлъэгъуащ, бгъэдэмыхьами. Бгъэдыхьа хьисэпу илъытэу, ермэлы щIалэр къыщIигъэкIыжри, фызыжьым и деж къэкIуэжащ. Фызыжьым гуащэр фIыуэ игъэпскIри игъэгъуэлъыжащ. Ермэлы щIалэм фызыжьым гъуэмылэ зэгъэпэща къыIихри, Къэбардэ и деж къэкIуэжащ.

Пщэдджыжьым дыхьэшхыу шу гупым ермэлыр къахыхьэжащ, гъуэмылэ, фадэ зэгъэпэщауэ иIыгъыу. Шхащ, гупыр баз зэрызэпихьам тетуи, Тамбий и къуэм и фыз Хъадыжэ-гуащэм бгъэдыхьауэ, дамыгъэ телъри илъэгъуауэ псори жриIащ.

Къэбардэ и щхьэр къыфIэхуащ. Къэбардэ бампIэм иубыдащ:

- Сэ къысщыщIа лажьэр сыту инт, - жиIэри.

Къэбардэ, сыхуейкъым сыпсэужыну, сыпхьащ, ермэлы, си шы-уанэ зэтелъри, си щхьэри пхьащ. Сэ сыхуейкъым сызэрыпсэужыну, - къажреIэ гупым. И гъусэ фIыуэ къэзылъагъухэми я жагъуэ хъуауэ мэгузавэ.

МыдэкIэ Къэбардэ и пщафIэ щIалэм а хъыбар Iейр щызэхихым, щэхуу къахэкIщ, и шым къэшэсри, жагъэкIэ къэкIуэжащ Хъадыжэ-гуащэ и деж. Хъыбар гузэвэгъуэр, Iуэхур къызэрекIуэкIар псори Къэбардэ и пщафIэ кIуэжам жриIащ Хъадыжэ-гуащэм.

Хъадыжэ-гуащэм щIэхыу Iуэхум гу лъитэри, зригъэашэри лъэсу, баш цIыкIу иIыгъыу, бэщмакъым лъахъстэн вакъэкIэ иту, жэщым уэшх ин къешхауэ ятIэу, бэщмакъитIыр лъымыхуну щагъэкIэ лъыпхауэ, Чыщпэч къикIри къэкIуащ.

Хъадыжэ-гуащэ псынщIэу Чыщпэч Iуфэ Iутурэ щыкIуэм, и бэщмакъым ятIэ цIынэр кIэрихрэ лъагъуэ ищIу Чыщпэч къуажапщэм, мэл гъуэгум къытехьащ. Мэл гъуэгум тетурэ Къурш икIыгъуэ жыхуаIэ Шэджэм мэзыпщэм гъуэгур щызэпрыкIым нэс къэкIуащ. Мей жыгышхуэ иту хуей дахэу, зекIуэшхэр абдеж щагъашхэу, зыщагъэпсэхуу щытти, Къэбардэ и гупыр а хуейм ису, мей жыг жьауэм щIэсу, Къэбардэ и фэр пыкIауэ, Хъадыжэ-гуащэр къулъшыкъушхуэм нэсащ.

Хъадыжэ-гуащэ хуейм ихьащ, къаплъэри къалъэгъуащ. ЛIы гуп зэхэсым, къыщалъагъум, къотэджхэри зыхашэ:

- Сыт узыхуейр? - жаIэри къоупщI.

- Фэ фщыщу зылI гуэр, - Хъадыжэ-гуащэм жеIэ, - щIыхуэ сIихат, къызимытыжу зыкъигъэпщкIури къежьэжати, и лъэужь къэсхуауэ арат. ЕмыкIу сыкъэвмыщI, - жеIэ.

- Куэду хъунщ, емыкIуи утщIыркъым. Плъагъум, пцIыхужыну пIэрэ? - жраIэ.

- Ахьай, слъагъум сцIыхужын, - яжреIэ гупым.

Хъадыжэ-гуащэр яхоплъэри:

- Мис мыращ си щIыхуэ зытелъыр, - жери ермэлы щIалэр хеубыдыкI.

Къэбардэ и фэр пыкIауэ мэбампIэри, мей жыгым кIэрытщ. Ермэлым жреIэ Хъадыжэ-гуащэм:

- Уэлэхьи, си гъащIэм узмылъэгъуа икIи сыкъыумылъэгъуа, щIыхуэ дауэ къыпIысхын уэ, узмылъэгъуауэ, узмыцIыхуу, - псалъэ быдэ жеIэ.

ИтIанэ къыжреIэ абы Хъадыжэ:

- АтIэ, уи гъащIэм сыкъыумылъэгъуамэ икIи сыкъыумыцIыхумэ, дауэ Къэбардэ и фызыр згъэделащ, сыбгъэдэсащ, жыпIа? Мы гупым уи псалъэр я фIэщ пщIырэ, Тамбий и къуэ Къэбардэ баз зэвухылIамкIэ къэпхьауэ, Къэбардэ мы гупым ялъагъуу букIыну щхьэ уи гуращэ? И шы-уанэ зэтелъри пшэуэ укIуэжыну уи Iуэхур нэпхусауэ, сэ сыкъэсащи, уи гъащIэм сыкъыумылъэгъуауэ жоIэри, зызбгъэумысыжыркъым. Уэ жыпIэ псори пцIыщ, унапэншэщ, - жриIащ ермэлым.

Тамбий и къуэ Къэбардэ и гъусэхэр ермэлы пцIыупсым йожэри, жыгым ирапх, Къэбардэ абы йоуэри еукI, и шыуанэ зэтелъым Хъадыжэ-гуащэ къытрегъэтIысхьэри, я унэм къокIуэж.

Хъадыжэ-гуащэ и губзыгъагъэкIэ, и лIыгъэкIэ хишауэ, «Хъадыжэ гуащэ и лъагъуэ» жыхуаIэр Чыщпэч Iуфэ Iуту ехыу щытщ нобэр къыздэсым, Чыщпэч къуажэм унэсыхункIэ. А гъуэгу ехым Хъадыжэ и лъагъуэкIэ йоджэ, иджыри гъуэгу нэпцI цIыкIуу кIуэцIрокI.

● Хъыбар

Фэладжэщ жыпIэу, иумыку

Къэзанокъуэ Жэбагъы ежьэмэ, шу закъуэу къикIухьырт. А зэманым уи закъуэу уежьэн жыхуэпIэр Iуэхушхуэт, гушхуэ пкIуэцIылъын хуейт, уи щхьэ закъуэу гъуэгу утеувэн папщIэ. ЦIыхур яхьу, гъэр ящIу щытащ абы щыгъуэ. ЗылъэкIыр зылъэмыкIым ебгъэрыкIуэрт.

Къэзанокъуэ Жэбагъы IуэхукIэ къуажэ гуэрым кIуэн хуей хъуащ. Иш уанэ трилъхьэри ежьащ. Езы Жэбагъы и шыфэлIыфэкIэ зэрыбэлыхь щыIэтэкъым, уеблэмэ, фейцеифэ тетт.

Зы къуэладжэ зэпиупщIа къудейуэ, къызэплъэкIри, зы шу къакIуэу къилъэгъуащ Жэбагъы. А шур зыхуэдэр Жэбагъы ищIэртэкъыми:

- Гузэвэгъуэм и щхьэ закъуэу кърихужьа гуэру къыщIэкIынщ, - жиIащ игукIэ.

АрщхьэкIэ шур къэсри - зы бэлыхь гуэрт. Саур уанэмрэ дыжьын джэрыщIэмрэ зэщIэлыдэрт, езы шур хьэзыр Iупэхут, икъукIэ зэгъэпэщат, бжьыфIэт. Ижьырабгъу зыкъыхуищIри, шум къыбгъэдихуащ Жэбагъы. Шур нейнейуэ къеплъри, фIэхъус щIагъуи кърымыхыу, блэкIри ежьэжащ.

АрщхьэкIэ куэд имыкIуу къигъэзэжри, зыри къыжримыIэу, къебгъэрыкIуащ.

- Си гугъу къыумыщI! - лъэIуащ Жэбагъы.

- Сыт мы фэладжэм жиIэр! - шур нэхъри етащ.

- Уи гъуэгу тет, уи гугъу сщIыркъым, си гугъу къыумыщI, - жиIэри Жэбагъы аргуэру елъэIуащ.

АрщхьэкIэ шур, зы гурбияныжь гуэру къыщIэкIынти, Жэбагъы жиIэр и тхьэкIумэм иримыгъэхьэу, ещанэу къыщеIэм:

- ЕI, уэ слъагъур уцIыхугъэншэ дыди, - жиIэщ аби, Iэбэри, шур кърилъэфэхащ. ЗэкIуэцIипхэри, уанэм трипхэжащ. Шыр Iэдэж ищIри ежьэжащ.

ЗыкъомыфI якIуауэ, Жэбагъы еупщIащ щIалэм:

- УзблэкIат, щхьэ къэбгъэзэжа?

- Зызумысыжынщи, - жиIащ щIалэм, - сыноплъри, уфэладжэти, си гугъащ си къару нэхъ птекIуэну.

- УблэкIамэ - къыумыгъэзэж, щIалэ. Ар зы. ЕтIуанэрауэ, къызжеIэт, сыт укъысхуимураду укъызэбгъэрыкIуат?

- Гъэр усщIыну си гугъащ.

- АтIэ, шынэхъыщIэ, зэгъащIэ, гъэр щIыныр хабзэ мыхъумыщIэщ. Ар зы. ЕтIуанэрауэ, лIыр фэладжэщ жыпIэу иумыку, лIым къуэлъыр пщIэнукъым. Ещанэрауэ, сыт уэсщIэмэ нэхъ къапщтэрэ?

- Си хьэтыр къэлъагъуи, сутIыпщыж, - жиIэри лъэIуащ щIалэр.

- Тхьэ къысхуэIуэ дяпэкIэ апхуэдэ щIэпхъаджэ умылэжьыжыну.

- ПхузоIуэ! - жиIащ щIалэм.

- ИIэ-тIэ, кIуэ, гъуэгу махуэ, - жиIащ Жэбагъы, щIалэр итIэтэжри иутIыпщыжащ.

ЩIалэр шэсыжри къеупщIащ:

- Ухэт уэ езыр - апхуэдиз хабзэрэ хьэтыррэ зиIэр?

- Жэбагъы жыхуаIэр сэращ.

- Iэу, нобэ си напэ текIыгъуэ махуэти, сыту щIэщхъушхуэ къысщыущI, - жиIащ щIалэм, шыр кIэщIу къиIуантIэри, Жэбагъы и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ къэуващ.

● Нарт тхыдэжь

Сосрыкъуэ Уэзырмэдж Хасэм къахешыж

Уэзырмэдж жьы хъури, жьэгум дэтIысхьэжащ, нартхэ шэсмэ, ядэшэсыжыркъым, зекIуэ ежьэмэ, ядежьэжыркъым. Зи ныбжь нэсар яукIыж хабзэти:

- И ныбжь нэсащ, Уэзырмэдж дукIыжынщ, - жаIащ нартхэм. Хасэм унафэ ящIри, Уэзырмэдж лIыкIуэ хуагъэкIуащ:

- Уи ныбжь нэсащ, удукIыжынущи, Хасэм къытхыхьэ, - жаIэри.

Уэзырмэдж нэщхъей къэхъуауэ жьэгум дэтIысхьэжащ. Нэщхъей зэрыхъуам гу лъитэри, Сэтэней къеупщIащ:

- Щхьэ унэщхъей? - жиIэри.

- Сынэщхъеинкъэ, - жиIащ Уэзырмэдж. - Си ныбжь нэсащи, нартхэ къызагъэджащ, удукIыжынущ жари.

- КъыщоджакIэ, укIуэнщ, - къыжриIащ Сэтэней.

- Дауэ сыкIуэн: сыкIуэмэ, саукIынущ.

- УаукIынкъым, - жиIащ Сэтэней. - Хасэм уахыхьэмэ, бжьэ къыуатынущ. Бжьэ къыуатмэ, къеIых, ауэ уахуемыфэ. Ухъуахъуэурэ кIыхьлIыхь зыщI, сэ зы щауэ къуапцIэ нэзгъэкIуэнущи, ар нэсыху, бжьэм уахуемыфэ. Щауэ къуапцIэр ныфхыхьэмэ, хъуэхъубжьэр абы къет.

АбыкIэ зэгурыIуэри, Уэзырмэдж Хасэм кIуащ. ЖьантIэм дашэри ягъэтIысащ Уэзырмэдж, къехъуэхъури, бжьэ къыIэщIагъэуващ. Хъуэхъубжьэм блащхъуэжьей хагъэтIысхьащ.

Уэзырмэдж яфIэхъуахъуэурэ и псалъэр кIыхь яфIищIащ.

- Укъефэркъэ, ди тхьэмадэжь! - къыжраIэ щхьэкIэ, Уэзырмэдж, Сэтэней къыжриIар ещIэжри, хъуэхъубжьэр кIыхьлIыхь яфIещI.

Абы нэсауэ, зы щауэ къуапцIэ яхыхьащ хасэм.

- Нартхэ къысхуагъэфэща хъуэхъубжьэр уэ пхузогъэфэщэж, щауэфI, - жиIэри, Уэзырмэдж хъуэхъубжьэр къыхуишияш щауэ къуапцIэм.

- Ар хъункъым, бжьэр уэращ зыхуэдгъэфэщар, - жаIащ нартхэм.

- Сэ хъуэхъубжьэ схуэфащэкъэ, нартхэ! - жиIэри, щауэ къуапцIэм бжьэр Уэзырмэдж къыIихащ, и пащIэкIэмкIэ блащхъуэжьейр ириIулIри, бжьэр ирифащ.

Бжьэр ирифри, Уэзырмэдж Хасэм къахишыжащ:

- Унэ уиIэмэ, екIуэлIэж, тхьэмадэ! - жиIэри.

Езыр Хасэм къахэнэри, «шурылъэс!» щыжаIэм, шурылъэс ядэджэгуащ, и лъэгум щIигъэплъри къахэкIыжащ...

Уэзырмэдж унэм щихьэжым, Сэтэней къеупщIащ:

- Сыт щыплъэгъуа Хасэм? - жиIэри.

Щилъэгъуар иIуэтэжащ Уэзырмэдж, щауэ къуапцIэм и гугъу хуищIащ.

- Ар Сосрыкъуэщ, - къыжриIащ Сэтэней.

Сосрыкъуэ Хасэм зэрахыхьэ лъандэрэ нартхэм зыханащ а хабзэр: зи ныбжь нэса яукIыжакъым абы иужькIэ.

● Транспорт

Сакъыу, набдзэгубдзаплъэу, гуапэу

ЦIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ IэнатIэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу пэрытщ «Налшык - Дыгулыбгъуей» гъуэгум тету и автобус цIыкIумкIэ цIыхухэр къезышэкI Абазэ Анзор. Зи IэщIагъэм хуэIэижь а щIалэм сакъыу, набдзэгубдзаплъэу, гуапэу пассажирхэр кърешэкI, гъуэгум щызекIуэ хабзэхэм тету, ахэр къызэпимыуду.

АНЗОР езыри Дыгулыбгъуей адыгэ жылэшхуэм къыщалъхуащ. Курыт школыр хъарзынэу къиуха нэужь, дзэм ираджащ, Хэкум къулыкъу хуищIэну. ЩIыхь зыпылъ апхуэдэ къалэныр Абазэм щигъэзэщIащ Германием, абы щыIэ советыдзэ гупым (ГСВГ) и танк дивизэм и тIасхъэщIэх батальоным хэту. А къалэныр пэжу, щытхъурэ фIыщIэрэ пылъу зэфIигъэкIащ. Щалъхуа щIыналъэм 1981 гъэм и бжьыхьэм къэкIуэжа нэужь, шофер IэщIагъэм нэхъри хуэIэижь хъуащ. Ар хьэлэлу лэжьащ хьэлъэзешэ машинэшхуэхэм исуи, гъуэгуанэшхуэхэр къэралым щызэпичу.

2003 гъэ лъандэрэ Абазэ Анзор тетщ Налшыкрэ Дыгулыбгъуейрэ зэпызыщIэ автомобиль гъуэгушхуэм, цIыхухэр кърешэкIри. Зэи къэхъуакъым абы и машинэр зыхуей хуэмызауэ гъуэгу щытехьа. Ар зэрысыр сыт щыгъуи къабзэщ, екIущ. Нэхъыщхьэращи, кърешэкI цIыхухэм гуапэу, щабэу, гушыIэ хэлъу яхущытщ, и машинэм къыщеуэ макъамэ щабэмкIэ дэрэжэгъуэ яритыну, я гукъыдэжыр къиIэтыну хущIэкъуу. Дауи, махуэ къэс гъуэгум тет икIи абы иригъэзэша шофер щIалэхэм къахокI никъуэкъуэн зыфIэфI, пщIэрэ нэмысрэ зыхэмылъ. Анзор апхуэдэкъым. ЦIыхум яхуищI пщIэмрэ нэмысымрэ къагъэлъагъуэ езыр апхуэдэ фIыгъуэхэм зэрыхуэмыхейр.

Анзоррэ и щхьэгъусэ Риммэрэ бынищ зэдапIащ, унагъуэ дахэу тIур ягъэтIысыжащ, адрейми мыгувэу поплъэ. Нэхъыжьхэр ягъэгушхуэ я бынхэм къащIэхъуэ щIэблэ дахэм я ехъулIэныгъэхэм.

Хьэлэлу зи IэнатIэр езыхьэкI Абазэ Анзор ди гуапэщ узыншэу, бэIутIэIуншэу иджыри куэдрэ лэжьэну, Iуэхутхьэбзэ зыхуищIэ цIыхухэм я арэзыныгъэм гъуэгу захуэ, дахэ кърриту!

КЪАРДЭН Ритэ.

● Спорт хъыбархэр

Тхум щыщу зы дыщэ

Урысей Федерацэм и щIалэгъуалэм карате лIэужьыгъуэхэмкIэ я 6-нэ гъэмахуэ Спартакиадэм и кIэух зэхьэзэхуэр Орел къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 42-м я спортсмен, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэгъусэу, 300-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 18 - 20-м щIимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм зэхьэзэхуэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи медаль зэхуэмыдэу 5 абы къыщахьащ. И хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупым япэ увыпIэр щиубыдащ Федоренкэ Владислав. Дыжьын медаль къахьащ Асановэ Белэрэ Лазаренкэ Ангелинэрэ. Бетрожь Дамиррэ Дол Къантемыррэ ещанэ хъуахэщ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ КIэш Даут, Шахмурзаев Щыхъмырзэ, Этезов Владимир, Щоджэн Руслан, Сэбаншы Мурат сымэ.

Япэ увыпIэр дыдейщ

РСФСР-м стIолыщхьэ теннисымкIэ щIыхь зиIэ и тренер Клипуновский Игорь и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ Ставрополь крайм и ЕсэнтIыгу къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 17-м я спортсмени, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 127-рэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр яIэту зэхьэзэхуэм цIыху 12 щыIати, абыхэм ящыщу Къуэдзэ Дэнизэ япэ увыпIэр хъыджэбзхэм я деж къыщихьащ. Ди пщащэм и тренерыр Хъыдзэжь Беллэщ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Я мурадыр къайхъулIакъым

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубыдащ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр изыгъэкIэху илъэс 33-рэ зи ныбжь нарткъалэдэсымрэ абы и ныбжьэгъу цIыхубзымрэ.

ЦIЫХУХЪУМРЭ абы и автомашинэмрэ къыщащым къытрахащ таблетки 10-рэ капсулэ хужьхэмрэ.

Iуэхум пащэу, цIыхухъур щыпсэу и лъапсэр, абы и гаражыр къыщаплъыхьым полицейхэм къагъуэтащ апхуэдэ зэкIуэцIылъу 72-рэ.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамм 38-м щIигъу трамадол, прегабалин пкъыгъуэхэщ, «лирика» хущхъуэхэкIым хэлъхэм хуэдэщ.

Яубыдахэм заумысыжащ хуит ямыщI пкъыгъуэхэр гъунэгъу щIыналъэм зэрыщызыIэрагъэхьамкIэ, адэкIэ ирагъэкIын мурад яIэу.

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и СО-м шэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 234-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Шэч зыхуащIыр яубыдащ

2025 гъэм шыщхьэуIум и 19-м Урысей МВД-м и Налшык управленэм зыхуигъэзащ илъэс 19 зи ныбжь, Тырныауз къалэм щыпсэум. Пщащэм зэрыжиIамкIэ, Интернетым къыщигъуэтащ жып телефон зэращэм и хъыбарыр икIи ар къизылъхьам зыпищIэри, и уасэ сом 36500-р Iэригъэхьащ. АдэкIэ имыцIыхум телефонкIэ зыпищIэжыфакъым, смс-хэри уэим ищIащ.

УРЫСЕЙ МВД-м и Налшык управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм зы жэщ-махуэм кърииубыдэу яубыдащ шэч зыхуащIыр. Ар илъэс 21-рэ зи ныбжь, Бахъсэн районым щыщ цIыхубзщ. Абы илэжьамкIэ зиумысыжащ, жиIащ ищар зейм хуигъэхьын мурад зэримыIар, къыIэрыхьа ахъшэр езым къызэригъэсэбэпар.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Наркотикхэр къытрах

Къэхъун къуажэм и гъунэм Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм къыщагъэувыIащ полимер пакет зыIэщIэлъ цIыхухъур. Нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 33-рэ зи ныбжь нарткъалэдэсым иIыгъым илът мэ гуащIэ къызыхих удз. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, ар езыр-езыру къэкI щIэпщ икIи губгъуэм къыщричащ езым зрихьэлIэну, ищэн муради иIакъым.

ЭКСПЕРТИЗЭМ къызэригъэлъэгъуамкIэ, ар грамм 350-м щIигъу «марихуанэ» наркотикхэкIщ.

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ (Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкIхэр куэду зыIэрыгъэхьэн икIи хъумэн).

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Кърдэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаммэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.295
Заказыр №1900
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариаммэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.